



REPUBULIKA Y'UBURUNDI
UBUSHIKIRANGANJI BWO KUBUNGABUNGA AMAGARA Y'ABANTU NO KURWANYA SIDA
UMUGAMBI W'IGIHUGU UJEJEWE IRONDOKA RIJANYE N'AMAGARA MEZA

IGITABU

MFASHANYIGISHO MW' ITERAMBERE RIDAKUMIRA, GUKINGA NO KUGWANYA AMABI AFATIYE KU GITSINA MU KIBANO

Bujumbura, Nyakanga 2022



UGUSHIKIRIZA

Amabi afatiye ku gitsina arabangamiye imigabane myinshi y'isi n'Uburundi burimwo. Itohoza ryakozwe mu Burundi ryerekeye irwirirana ry'abantu n'amagara meza (EDS III 2016-2017) ryerekana ko ku bantu bafise hagati y'imyaka 15 na 49, ibice 36% vy'abakenyezi na 31% vy'abagabo bashikiwe n'amabi yo gukubagurwa ; 23% vy'abakenyezi na 6% vy'abagabo bashikiwe n'amabi yo gufatwa ku nguvu, ibice 10% vy'abakenyezi barakubaguwe bafise imbanyi.

Naho biri uko, amategako y'Uburundi arahana amabi afatiye kugitsina. Ariko, ivyerekeye ico caha ntibizwi bikwiye mu kibano, ibiyatuma n'ingaruka mbi zayo.

Iki gitabu mfashanyigisho cashizweho kugira gifashe abaremeshakiyago mu kuremesha ibiganiro mukibano vyerekeye amabi afatiye ku gitsina. Iki gitabu kandi kirashobora kuzokoresha nabo bose bipfuzwa kugira ico batereye mu kurwanya amabi afatiye kugitsima bahereye mu kibano.

Nico gituma duhamagariye abazogikoresha bose na cane cane abaremeshakiyago kunoganza izi nyigisho kugira abenegihugu bashobore kugira ubumenyi bukwiye mu gukinga no kugwanya amabi afatiye kugitsina. Ubushikiranganji bwo kubungabunga amagara y'abantu n'ukurwanya Sida bucuze mu mugambi w'igihugu ujejwe irondeka rijanye n'amagara meza (PNSR) buboneyeho no gushimira abo bose bafashije kugira iki gitabu kiboneke na cane cane umugambi w'irondeka rijanye n'amagara meza w'ishirahamwe GIZ.

Turizeye yuko kino gitabu kizofasha bimwe biboneka abaremeshakiyago mu bikorwa vyabo harimwo no kurwanya amabi afatiye ku gitsina, gutyo ayo mabi aranduramwe n'imizi mu gihugu cose.

Bigiriwe i Bujumbura itariki. 25.04.2023

Umushikiranganji w'amagara y'abantu no kurwanya Sida

Dr Sylve NZEZIMANA



URUTONDE RW'IBIRIMWO

0. INTANGAMARARA.....	6
IKIGABANE CA I. INTANGAMARARA N'IBIGIZE IKIGANIRO.....	7
A. Kugurura ibikorwa (iminota 15).....	7
B. Kwidondora (iminota 45)	7
C. Ivyo abaje mu biganiryo biteze gushikako n'amahangiro y'ikiganiro (iminota 45).....	8
D. Urutonde rw'ikiganiro (Iminota 15).....	8
IKIGABANE CA II. GUTAHURA KUMWE IVYEREKEYE ITERAMBERE RIDAKUMIRA.....	10
A. Ivyo abantu bibaza bifatiye ku vyiyumviro vyabo, ku myibutsa no ku mvyino.....	10
B. Imvyino n'imyibutsa.....	11
C. Itandukaniro riri hagati y'imero Ndemanwa n'akaranga Nderano.....	12
D. Imirwi itatu y'ibikorwa n'ingene bigabuye.....	16
E. Uburenganzira bwo gukoresha no kuganza amatungo.....	21
F. Ingene umuntu aronka ububasha bukagenda bwiyongera.....	24
G. Ukungana imbere y'amategeko n'ubutungane kuri bose.....	27
IKIGABANE CA III. AKARANGA NDERANO N'IRONDOKA RIJANYE N'AMAGARA MEZA.....	31
A. Ibituma bifatiye ku mico n'imigenzo, ku mibano, ku butunzi, kuri politike bifatanye n'irondoka rijanye n'amagara meza.....	31
B. Kubera iki irondoka rijanye n'amagara meza rikora ku kibazo c'akaranga nderano?.....	33
IKIGABANE CA IV. AMABI AFATIYE KU GITSINA.....	34
A. Insiguro y'ihohoterwa rifatiye ku gitsina.....	34
B. Ububasha, ikoreshwa ry'inguvu n'umwumvikano	36
C. Amabi afatiye ku gitsina: ibituma n'ingaruka zavyo (ihohoterwa rifatiye ku gitsina).....	40
IKIGABANE V : AMABI AFATIYE KU GITSINA N'UBUBASHA BWO MU KIBANO.....	46
A. Itunganywa ry'ibikenewe mugukinga amabi afatiye ku gitsina (mu kibano no ku mashure) mu kurondera abahohotewe n'abahohotera.....	46
B. Uburyo ngenderwako mugutorera inyishu amabi afatiye ku gitsina.....	46
Ibintu nyamukuru mu bufasha:.....	46
C. Ibigize umugwi w'ibikorwa mugufata mu mugongo abakorewe amabi afatiye ku gitsina mu kibano (iminota :45).....	48
Ibikenewe.....	48
D. Ishirwaho ry'uburyo bwiza bwo kurungika ku bundi bufasha n'ibintu bituma haba gutororokanya neza ivy'uwahohotewe yakorewe (30mn).....	53
Umwanya kuri vyose :1h15.....	53
E. Uburyo bwo gukingira abakwituye hamwe n'abafasha mu kibano (30').....	55
Umwanya : iminuta 60.....	55
Gusuzuma ubumenyi n'ubushobozi bw'abari mu kiganiro.....	60

0. INTANGAMARARA

Amabi afatiye ku gitsina ni amabi yose akorerwa umuntu bigashobora gutuma haba ivyononekara canke bigatera ububabare bw'umubiri, ubw'ibihimba vy'irondoka, ingorane zijanye n'ubutunzi, ukubabara ku mutima canke ukugira uruhuha.

Uburinganire hagati y'umugabo n'umugore ni ikibazo kiraje ishingira amareta n'amashirahamwe atari make bafashanya mw'iterambere.

Kwitwararika ico kibazo bituma bose (abagabo, abagore n'iyindi mirwi igize ikibano) batunganirizwa ku rugero rumwe. Intumbero y'uwo mwitwarariko ni uguhindura ingendo n'imibereho bibera inzitizi iterambere ridakumira kandi rirama. Nta shirahamwe canke igisata vyoshobora guteza imbere abantu bititwararitse ikibazo c' iterambere ridakumira. Bitabaye ivyo, ibikorwa vyose nta mpinduka bizana canke ndetse bikarushiriza akarenganyo kari kahasanze canke bigatuma vyunyuka. Ariko kenshi usanga abajejwe ibikorwa badafise ubumenyi bukwiye canke ubuhinga n'ibikoresho bibereye kugira ngo bashobore koko gukora ubwo busumbasumbane. Muri ico gihe usanga mu kubikora bayeyemvya canke bakabivuga ntibabikore canke bakabikora ukutariko. Mu bijanye n'amabi afatiye ku gitsina, ibitigiri vyavuye mw'itohoza ry'igwirirana ry'abantu n'amagara meza (EDSIII : 2016-2017) rerekana ko abagore 36 % n'abagabo 31% bari hagati y'imyaka 15 na 49 bahohotewe ku mubiri ; abagore 23% n'abagabo 6% bari hagati y'imyaka 15 na 49 bakorewe amabi afatiye ku gitsina, abagore 10% bari hagati y'imyaka 15 na 49 barafashwe ku nguvu kandi bari bafise imbanyi.

Ni muri icyo ntumbero y'iterambere ridakumira kandi rirama, hateguwe iki gitabu mfashanyigisho kizofasha abaremeshakiyago bari mu nani zihurikiye ku mavuriro hamwe n'iyindi mirwi ifasha mu kibano guhimiriza n'ukwigisha mu bijanye no gukinga amabi afatiye ku gitsina n'inkurikizi zavyo.

INCAMAKE Y'IBIGIZE IKI GITABU MFASHANYIGISHO

Iki gitabu mfashanyigisho gishimikiye ku bintu nyamukuru bikurikira :

- ▶ Insiguro y'iterambere ridakumira ;
- ▶ Uruhara rw'imico kama mw'iterambere ridakumira ;
- ▶ Itandukaniro riri hagati y'imero ndemanwa n'akaranga nderano ;
- ▶ Igaburwa ry'ibikorwa hagati y'abagabo n'abakenyezi n'ububasha bujane n'iryo gaburwa ;
- ▶ Kungana imbere y'amategeko n'ubutungane kuri bose;
- ▶ Ingaruka mbi z'ikurirwa ry'abakenyezi n'icokorwa.

IKIGABANE CA I. INTANGAMARARA N'IBIGIZE IKIGANIRO

Iki kiganiro ku vyerekeye iterambere ridakumira n'ukugwanya amabi afatiye ku gitsina mu kibano, cubakiye ku bigabane vyerekana uburyo n'ubuhinga mw'iterambere ridakumira, imico n'imigenzo, irondeka rijanye n'amagara meza, gukinga n'ukugwanya amabi afatiye ku gitsina.

Ihangiro

Inyuma y'ikiganiro, abagikurikiranye bazoba bashoboye:

1. Gusigura amahangiro y'ikiganiro.
2. Gutanga ivyifuzo vyabo nico biteze gushikako ku bijanye n'ikiganiro.
3. Gutahura ibigize ikiganiro.

Iki kigabane ca 1 kigizwe n'ibice bikurikira:

- Kwugurura ibikorwa ;
- Kwidondorana ;
- Ico biteze gushikako n'amahangiro y'ikiganiro;
- Urutonde rw'ikiganiro;
- Gushiraho ingingo ngenderwako mu kiganiro;
- Ishirwaho ry'inzezo.

A. Kwugurura ibikorwa (iminota 15)

1. Guha ikaze abaje mu kiganiro hanyuma abigisha/aboroshanyigisho bakidondora. Kubwira abaje mu kiganiro ko ari ugufashanya mu guhanahana ivyiyumviro kugira kigende neza.
2. Ikiganiro gitanguzwa n'ijambo ry'ukwugurura ry'umwe mu borosha canke uwaserukiye abandi.

B. Kwidondora (iminota 45)

- ▶ Sigurira abaje ko kugira ikiganiro kigende neza babanza kwidondorana bakamenyana.
- ▶ Saba umwe wese mu baje mu kiganiro afate urupapuro yishure ibibazo bikurikira:
 - Amazina yiwe:
 - Aho akora:
 - Ico akora:
 - Ico akunda n'ico adakunda mu kazi kiwe:
 - Inyigisho ku bijanye no kurwanya amabi afatiye ku gitsina amaze kuronka:
- ▶ Saba umwe wese ahe uwo bicaranye urwo rupapuro hanyuma bace badondorana.

C. Ivyo abitavye ikiganiro biteze gushikako n'amahangiro yaco (iminota 45)

- ▶ Saba abitavye ikiganiro gutanga ivyipfuzo kuvyo biteze gushikako muri iki kiganiro.
 - ▶ Ca uha umwe wese udupapuro tubiri.
 - ▶ Basabe bavyandike ku dupapuro 2 wabahaye babimanike aho bose babibona.
 - ▶ Bwira umwe mu baje mu kiganiro asome ivyanditswe ku dupapuro. Bishoboka shira hamwe ibivuga bimwe.
1. Bereke amahangiro y'ikiganiro.
Gereranya ivyipfuzo vyabo n'amahangiro. Nimba ivyipfuzo ubona bitarimwo mw'itunganywa ry'ikiganiro mworaba ingene vyojamwo. Birashoboka kwongeramwo ayandi mahangiro, gukuramwo canke guhinyanyura.
 2. Nimba harimwo uwufise icyipfuzo bidakunda ko cishurwa muri iyi minsi y'iki ganiro, mubwire ko kizogeragezwa kwishurwa mu biganiro bikurikira hanyuma. Kidahuye n'ivyategekanijwe mu kiganiro, bimusigurire neza.

D. Urutonde rw'ikiganiro (iminota 15)

1. Bahe urutonde rw'ibizoba mu kiganiro hanyuma muce murabira hamwe mu kubasigurira icyipfuzo nyamukuru ku kigabane kimwe kimwe.
2. Kuri urwo rutonde ubahaye, baza wumve ko bose bemeye umwanya wateguwe kuri ico kiganiro. Nimba hari ico bumva bongerako canke bakuramwo bobikora.

E. Gushiraho ingendo ngenderwako (iminota 15)

1. Saba abitavye ikiganiro bavuge ingendo zokurikizwa mu kiganiro kugira kizogende neza, hanyuma uvyandike ku rupapuro runini canke ku kibaho.
2. Bose bemeje izo ngingo, ca uzimanika ahantu bazibona bese.

F. Ishigwaho ry'inze (iminota 15)

1. Manika urupapuro runini wandikeko inzego zikenewe (abajejwe umwanya, abajejwe kuraba uko ibikorwa bigenda, abajejwe kugira incamake y'ivyizwe ku muni, abajejwe gucangamura abandi).
2. Basigurire uruhara rw'umw'umwe muri icyo mirwi yose hanyuma usabe uwushaka atore aho ashaka kuja.
3. Manika urutonde rw'abatowe ahabonwa na bese.

Ngaka akarorero gatanzwe n'umworoshanyigisho:

Iminsi	Abajejwe kuvuga mu ncamake ivy'umunsi waraye uheze	Abajejwe kuraba ko biriko bigenda neza	Abajejwe umwanya	Abajejwe gucan-gamura abandi
1				
2				
3				
4				
5				

IKIGABANE CA II. GUTAHURA KUMWE IVYEREKEYE ITERAMBERE RIDAKUMIRA

Intumbero y'iki kigabane ni ugufasha abaje mu kiganiro gutahura kumwe ivyerekeye iterambere ridakumira n'ibijanye naryo:

- Kurondera ibintu bituma abantu batahura kumwe ukubaho kw'umugabo n'umugore;
- Kwitaho ibibazo vyerekeye abagore n'abagabo ;
- Kumenya ibifasha kugira habe ukungana mu mibano y'abagore n'abagabo;
- Gusigura imibano hagati y'abagore n'abagabo.

A. Iryo abantu bibaza bifatiye ku vyiyumviro vyabo, ku myibutsa no ku mvyino.

- Ihangiro.
- Gutegera imvugo n'ingendo zikoreshwa.
- Gutegera ko iterambere ridakumira riri mu vyiyumviro no mu mico kama y'abarundi. Turisanga mu myibutsa, mu mvyino no mu bindi.
- Ingene ikiganiro kiremeshwa

Ubwa mbere, abari mu kiganiro barahanahana ivyiyumviro bafatiye ku vyo abantu biyumvira.

Uturorero:

- Uguharika birafatiye akamaro umugabo gusumvya umugore;
- Umugabo ategerezwa kwubaha, agakingira akongera agafasha umugore kubera ari magara make;
- Abagabo bariganza ;
- Abagabo ni intagondwa;
- Abagabo bikwegerako;
- Abagore ni nk'abana ;
- Igikorwa gikuru ku mugore ni ukuvyara ;
- Nta mugore anganya ubwenge n'umugabo;
- Abagore bategerezwa gukingirwa kuko ari ba nta magara;
- Abagore bakunda amaronko ;
- Nta mashure y'umukobwa ;
- Guhimiriza ukwiga ku mwigeme ni ingingo nziza cane ku kibano cacu.

Uwuremesheje ikiganiro aca abwira abacitavye gushikiriza aho bahagaze. Afata akarorero kamwe baharirako yisunze ingorane ziri muri ako karere.

Nko kuri iyi mvugo “abagore ni nk’abana” arababaza ko bemera ico isigura, ko babihakana canke ataco babivuzeko.

Abavyemera bakaja mu murwi, ababihakana bakaja mu wundi murwi, abo ataco babivugako bakaja mu murwi wa gatatu. Umurwi wose uca uja ukwawo ugatora uwuwuvugira ugaca utondekanya ivyiyumviro wishimikiza kugira wemeze yuko “abagore ari nk’abana”, uwubihakana arashobora gutanga insiguro zikurikira:

- Ubwo bwari uburyo bwo gutyoza abagore usanga mu vvyiyumviro vy’abarundi bamwe bamwe ;
- Ko kwari ukwihenda cane kuko umugore ari kirumara mu rugo, nakare bavuga ngo umuhushatunga ahusha umugore ;
- Ko umugore ari inkingi y’umuryango ;
- Ko hari abagore benshi ari bo batunze imiryango kandi bafise n’igihagararo gikomeye mu gihugu ;
- N’ibindi.

Nk’umurwi ubishigikiye, ushobora kwemeza :

- Ko ata banga ry’umugore ;
- Ko umugore atarinda ibigoye ;
- Ko yama akeneye umugabo ;
- Ko ahonye umuryango ;
- N’ibindi.

Abari hagati na hagati batavyemera gose kandi ntibabihakane gose n’abo nyene barisigura. Bashobora kuvuga ko vyose bishoboka, biva kuco ushaka gushikiriza. Abaserukira imirwi bamaze gushikiriza ivyiyumviro vyavuye mu mirwi, umworoshanyigisho aca abaza abari mu kiganiro ko ata banyuzwe n’ivyiyumviro vyavuzwe n’abo badasangiye umurwi, bipfuzwa guhindura umurwi.

B. Imvyino n’imyibutsa

Uwuremesheje ikiganiro abwira abacitavye kwigaburamwo imirwi itatu.

Aca asaba umurwi umwe gutora imyibutsa isigura imibano mibi iri hagati y’abagabo n’abagore, uwundi murwi iyindi myibutsa yerekana imibano myiza yo kwubahana; ishira imbere ivyiza hanyuma uwa gatatu werekana imibano iri hagati y’iyindi mirwi nk’akarorero hagati y’abatunzi n’abakene; abakuze n’abato, ...

Uturorero tw’imyibutsa ishira imbere ivyiza:

- Umuhushatunga ahusha umugore.
- Urugo ni babiri.
- Ubugirigiri bugira babiri.
- Umugore ni gahuzamiryango.
- Umutwe umwe ntiwigira inama.

Uturorero tw'imyibutsa ishira imbere inabi:

- Wishinga intahe y'umugore ukaboheshwa umweko wa nyoko.
- Umukobwa nta mwana.
- Inkokokazi ntibika isake iriho.
- Umugore musangira amata ntimusangira amazi.
- Amazi abaye make aheberwa impfizi.
- Ibigumye bibazwa abagabo.
- Impfizi ntiyimirwa.
- Umukobwa ni akarago k'abaraye.
- Umuhungu ni igikingi c'irembo.
- Umugore ntarya isake aba ashaka kubika nkayo.
- Umugore ntasimba urugo aba ashaka kurugwa inyuma.
- Nta jambo ry'abagore.
- Nta mugore asimba imyugariro aba asemye umugabo.
- Umukobwa ntahagarara ku gikingi c'irembo aba asema se.
- Umugore ntaganza umugabo aba ashaka inzira ija iwabo.
- Umugore aganza inkono iri ku ziko.
- Umugore umwe ni nyoko.

Uturorero tw'imyibutsa yerekana imibano hagati y'abatunzi n'abakene:

- Abatanganya amatako ntibota hamwe.
- Uwutagira inasenge arisenga.

Umworoshanyigisho aca ashimangira ivyiyumviro nyamukuru iyo myibutsa itwerekana.

Ubwa gatatu, uwuremesheje ikiganiro asaba abacitavye ko hogira umwe atera uruvyino rw'ikirundi azi bavugamwo imibano y'abagore n'abagabo, abandi bakamwitabira.

Akarorero:

Tera irenga rya muyaga

Umugabo si uwo kwizigira: Tera irenga rya muyaga

Kandi si uwo kwihebera: Tera irenga rya muyaga...

Dufatiye ku mvugo, ku myibutsa, ku mvyino n'ibindi biraboneka ko mu mico y'ikirundi berekana ikibanza c'umugore n'ic'umugabo n'ingene umwe wese

ategerezwa kwigenza. Ikibanza ciza bagiha umugabo, umugore akaza nk'uwuje kuvyara no gukora gusa.

Ivyiyumviro nk' ivyo rero vyohinduka kuko bibiba akarenganyo n'umubano mubi. Iterambere ridakumira rishigikira ko hatoba akarenganyo hagati y'umugabo n'umugore ngo umwe atange amategeko gusa, uwundi ayarangure vyanka bikunda. Vyiza, umugabo n'umugore bokwumvikana mu gufata ingingo, bakagabura ku rugero rumwe ibikorwa ata wandya wangura.

Ivyotegerwa

Ibiganiro biraba ukudukumirana kw'abagabo n'abagore vyama bitera impari, amakenga n'ubwoba. Ariko abantu barateba bakavyumvikanako kandi barashobora guhindura uko bahora bavyibaza. Hariho n'abavuga ko bitabaraba ariko nta n'umwe bitaraba kuko mu buzima bwa minsi yose, haba mu muryango, ku kazi canke mu kibano kenshi abantu bama bayaga ivyerekeye imibano hagati y'abagore n'abagabo.

Imigenzo y'ikirundi na yo nyene irimwo ivyerekeye imibano y'umugore n'umugabo.

Mu myibutsa **hari iyikumira** (nk'iyiha agaciro n'agateka gake umugore) n'iyindi **imuha agaciro** (nk'iyerekena akamaro ntangere umugore afise mu rugo) nk'uko umugabo agafise.

Ivyerekeye imibano rero y'umugabo n'umugore si agahararo kavuye mu mahanga, biri mu migani ya ba sokuru na ba sokuruza. Tubisanga mu mico kama y'ikirundi. Tubisanga kandi mu migenzo yacu ya minsi yose. Ntitwoviyobagiza rero mu nyifato no mu ngiro yacu. Ni co gituma dutegerezwa kugira urunani kugira dushikire iterambere ridakumira.

C: Itandukaniro riri hagati y'imeru Ndemanwa n'akaranga Nderano.

Ihangiro:

Gutegera itandukaniro riri hagati y'imeru ndemanwa n'akaranga nderano.

Ingendo y'ikiganiro

Umworoshanyigisho abwira abagore kuja mu murwi wabo, abagabo nabo bakagira umurwi wabo. Umurwi w'abagore urondera ibintu biranga abagabo kandi bisangije, uw'abagabo nawo ukarondera ibintu biranga abagore kandi bisangije bagaca bavyandika ku dupapuro yabahaye.

Akenshi ibivugwa biranga abagore canke abagabo ntivyisunga imero ndemanwa ariko kenshi vyisunga ivyo abantu bibaza bifatiye kuvyiyumviro vyabo

Umworoshanyigisho arasomera iyi nkuru abari mu kiganiro:

Inkuru y'ibikere bibiri

Ibikere bibiri vyari biryamye. Muri uwo mwanya humvikana induru hafi mu kibano irabivuyura. Kimwe kica cinyegeza munsu y'igitanda ariko yamara ikindi gifata ubuhiri ciruka ku muryango.

- Abari mu kiganiro bicemwo imigwi ibiri: abagore mu murwi wabo, abagabo mu murwi wabo.
- Saba abari mu kiganiro bavuge muri ivyo bikere bibiri ikihe ari ikigore, ikihe ari ikigabo. Hanyuma bamwe bese basigure igituma, bakoresheje n'uburorero bw'ivyerekana ko ari ikigabo canke ikigore, n'icatumye bavyiyumvira uko.
- Ni mugire imice ibiri itandukanye, mwerekane imigenzo myiza y'umugabo n'iy'umugore ku rupapuro runini.
- Himiriza abari mu kiganiro batange uburorero bw' ibiranga umugabo n'ibiranga umugore mu nyifato no mu kungene Imana yabaremye.

Akarorero k'ivyo bashobora kwishura :

Uko abagore babona ibiranga abagabo	Uko abagabo babona ibiranga abagore
• Bari amanyama • Barikunda cane • Batwaza umukazo • Bafise inguvu nyinshi • Batana ibikorwa abandi • Barakengerana • Barafise ubwanwa	• Baronsa abana • Bakunda amafaranga • Ni bo nkingi y'umuryango • Bararenga ibigo • Bajana abana kwa muganga • Nta nguvu bafise • Bafise amabere

Ivyo birangiye, baca bihweza uburanga bwashikirijwe n'umurwi wose. Umworoshanyigisho rero arabaza abari aho ko akaranga kamwe kamwe batoye kisangijwe koko n'umugabo canke n'umugore gusa. Ico gikorwa giheze baca basanga umugore canke umugabo basangiye uturanga twinshi kiretse ibitsina.

Utwo turanga basangiye dufatiye ku mico n'indero ni two tujanye n'akaranga nderano.

Abitavye inyigisho barashira akamenyetso kamwe ku bintu bibaranga bahuriyeko.

Umwimenyerezo :

Umworoshanyigisho aba yateguye impapuro bandikako, urupapuro rumwe rumwe yandika akaranga gafatiye ku mero ndemanwa canke ku karanga nderano, izo mpapuro ziba zivanyanije. Mu nyuma umurwi umwe umwe urerekana impapuro zanditseko imero ndemanwa n'izanditseko akaranga nderano.

Uturorero :

- Ibikorwa vyo mu nzu bigenewe abakenyezi.
- Ukugaburira abana no kubarera vyega abagore.
- Ibikorwa vya politike bigirwa n'abagabo.
- Kwibungenga imbanyi bishoborwa n'abagore.
- Gukama inka no kuziragira bigira abagabo.
- Ukugumbaha bishikira abagore.
- Ukuvyara abahungu canke abakobwa biva ku mugore.

Umwimenyerezo uheze abari mu kiganiro barategera neza imero ndemanwa n'akaranga nderano.

Imero ndemanwa :

- Akamere gafatiye ku gitsina, ibihimba vy'irondoka
- Umuntu arakavukana, ntigahinduka, ni kamwe hose.

Akaranga nderano :

- Gafatiye ku migenzo no ku mibano.
- Umuntu akaronka yaramaze kuvuka :
 - Gashobora guhinduka bivanye n'akarere umuntu aba yem wo canke igihe agezemwo
 - Gashingiye ku mico y'igihugu, imyaka y'abantu, amadini, n'ibindi

Kiretse imero ndemanwa ifatiye ku gitsina, imibereho usanga isangiwe n'umugore n'umugabo. Iyo abantu bibaza usanga kenshi bijanye n'amabwire, imvugo canke imibano ityoza uyu canke uriya.

Akaranga nderano rero ni ko gashobora gushigikira akarenganyo, ukumva ngo nta mashure y'umugore, canke ngo ntiyogira amashure maremare, ngo diporome y'umukobwa ni umugabo, abantu bakabifata gutyo gushika aho baronka ababibakuramwo.

Ibitandukanya umugore n'umugabo bishobora kuba mu mice itatu :

- Itandukaniro ku gitsina.
- Itandukaniro rivuye ku mico n'imigenzo.
- Ivyo abantu bibaza bifatiye ku vyiyumviro vyabo canke kuvyo bemera.

D Imirwi itatu y'ibikorwa n'ingene bigabuye.

D.1 Imirwi y'ibikorwa.

Ihangiro

Igaburwa ry'ibikorwa hagati y'abagabo n'abagore n'iyindi mirwi birahambaye mw'iterambere ridakumira. Ni co gituma ihangiro ry'iki kiganiro ari uko abitavye inyigisho bategerezwa:

- ▶ Kumenya ko ibikorwa abantu barangura biri mu mirwi itatu no kuyitandukanya.
- ▶ Gutegera neza ko ata shingiro nyakuri ry'igaburwa ry'ibikorwa ririho hagati y'abagore n'abagabo.
- ▶ Gutegera ko abagabo n'abagore bofatwa ku rugero rumwe mw'igabanganwa ry'ubwo bwoko bw'ibikorwa n'akazi cane cane mu gushinga imigambi y'iterambere.

Ingene ikiganiro kiremehwa

Kugira iyo ntambwe bayishikeko, umworoshanyigisho arahamagara umugore n'umugabo bakaja imbere y'abandi kugira umwe wese abiganire ibikorwa arangura mu gihe c'umunsi afatiye ku masaha canke ku bihe bigize umunsi mu kirundi. Uwurongoye ikiganiro araheza agaca yandika ivyo umwe wese yavuze ku rupapuro runini canke ku kibaho aho bese bashobora kubona.

Arashobora kubitondeka gutya:

Isaha umugabo canke umugore arangurirako ibikorwa	Ibikorwa	
	Umugabo arangura	Umugore arangura
11 – 12 zo mu gitondo	Kuruhuka Kumviriza amakuru	Kugira isuku ry'urugo
12 zo mu gitondo - 6 zo ku murango	Ibikorwa vyo mu mirima	Ibikorwa vyo mu mirima
6- 8 zo ku murango	Ibikorwa vyo mu mirima	Gutegura imfungurwa
		
8 – 11 na 30 zo ku muhingamo		

Ico gikorwa giheze, umworoshanyigisho aca afatira kuri ivyo bikorwa vyadondaguwe agaca abasaba kubishira mu mirwi itatu :

Ibikorwa birangurwa n'umugabo n'umugore	Ibirangurwa n'umugabo gusa	Ibirangurwa n'umugore gusa

Ivyotegerwa

Ibikorwa birangurwa n'umugabo canke umugore biri mu mirwi itatu :

***Ibikorwa vyo mu rugo, kurwiza no kubungabunga umuryango :**

- Kwibaruka
- Guteka
- Kurera abana
- Kugira isuku
- Kuvoma n'ibindi

Bikorwa kenshi na kenshi n'abakenyezi kandi ni ivy'iminwe. Ivyo bikorwa ntibizana umwimbu (amahera) bwite ariko bituma umuryango n'abawugize babaho bakagira amagara meza, urugo rukaroranyirwa.

***Ibikorwa vyo kurwiza umwimbu :**

Ivyo bikorwa vyerekeye guhingura ibintu vyinjiza amafaranga canke iyindi mirimo yinjiza inyungu :

- Kworora
- Kurima
- Kudandaza
- Kubaza n'ibindi

Ivyo bikorwa n'abagabo n'abakenyezi, ariko abagabo babikora cane cane iyo bizana amafaranga. Biheberwa abakenyezi igihe bijanye n'ivyimbura vyo kwifashisha mu rugo.

***Ibikorwa vyerekeye imibano :**

- Guterera
- Kumara imanza
- Gukora ibikorwa rusangi
- Gusuhuza abarwayi
- Gufuba abapfuye
- Kuramukanya
- Guca imanza
- Gufashanya

Ni ibikorwa bikorerwa ahabona ku mugaragaro. Abakora mwen'ivyo bikorwa baraheza bakaronka icubahiro (nakare ngo « na ka mwaramutse karavyibusha »). Ibikorwa mwene ivyo bituma igihugu, intara, umusozi canke agacimbiri bitungana kandi bigatekana.

Ni ukwitonda rero igihe umuntu ariko arasigura iyi mirwi y'ibikorwa kuko hari bamwe bamwe bitiranya ibikorwa vyo mu rugo n'ukubungabunga umuryango n'ibikorwa vyo kugwiza umwimbu.

Ikindi tutokwibagira, ni uko imirwi y'ibikorwa ifise uruhara ruhambaye mw'iterambere ry'abagore n'abagabo na cane cane mu vyerekeye kubafata ku rugero rumwe mu kubaho kwabo. Kanatsinda, igaburwa ry'ibikorwa hagati y'umugabo n'umugore rirerekana uwufise ububasha n'ubutegetsu.

D.2 Ingene ibikorwa bigabanganijwe

Ihangiro

Umworoshanyigisho aramenyesha abavyitavye ko ari nkenerwa kumenya ingene ibikorwa bigabuwe hagati y'umugabo n'umugore.

Ingene ikiganiro kiremешwa

Abari mu kiganiro rero baca bakorera mu mirwi kugira bafatiye kuri vya bikorwa vyadondagurwa babishire mu mirwi yavyo. Berekane ico umugore canke umugabo akora mu gushira ibimenyetso ku birangurwa cane n'uyu canke uriya.

Akarorero : Kwerekana ibikorwa vy'umugabo n'ivy'umugore.

Aha barashobora kugaruka kuri vya bikorwa vyashikirizwa muri rwa rutonde canke ibindi bitoreye bo nyene. Imbere y'igikorwa cose bagashirako ikimenyetso cerekana ikirangurwa cane n'uyu canke uriya. Mu ncamake babitondesha gutya :

Ibikorwa	Abagabo	Abagore
Ibikorwa vyo kurwiza umwimbu		
Uburimyi		
• Ugutema	XX	X
• Ukurima	X	X
• Ugutera	X	X
• Ukubagara	X	XX
• Ugusarura/ ugusoroma	X	XX
Uburovyi	XX	-----
Ubworozi		
• Kuragira	XX	X
• Kurondera ivyokurya vy'ibitungwa	XX	X
• Gukama	XX	X
Ubuvinga kama (utugenegene)	XX	X
Ugukorera Reta	XX	X
Urudandazwa		
• Kurangura	XX	X
• Kwanda	XX	X
• Kurondera amasoko	XX	X
• Kugenzura	XX	X
Ibikorwa	Abagabo	Abagore
Ibikorwa vyo mu rugo, kurwiza no kubungabunga umuryango		
• Kwibaruka	-----	XX
• Kuvoma amazi	X	XX
• Gusenya	X	XX
• Kugira isuku ry'inzu	X	XX
• Kumesa	X	XX
• Kugaburira abana	X	XX
• Gusobanya urugo	XX	X
• Guhingura ibikoreshe kama	XX	X
Ibikorwa vyerekeye imibano		

Ico ibimenyetso bisigura :

- X : ico bakora rimwe rimwe
- XX : ico bakora kenshi
- : Ico badakora

Ico gikorwa barashobora no kukirangura bafatiye ku kirangaminsi. Muri ico gihe bihweza ico umuntu akora n'igihe agikoreramwo haba ku munsu canke ku mwaka.

Ivyotegerwa

Ukwihweza urugero rw'igabanganwa ry'ibikorwa birafasha :

- Gutahura neza ibikorwa vyose bigirwa n'umurwi w'abantu n'agaciro kavyo.
- Kugabanya ibikorwa vy'umurengera usanga ari umuzigo kuri bamwe.
- Gufasha abatunganya imigambi kumenya ikibano bakoreramwo.
- Gutunganya neza gusumba uruhara rw'abagabo n'abagore mw'iterambere ufatiye ku vyo basanzwe bakora n'umwanya bafise wo kwitaba ibindi bikorwa.

Ingene rero ibikorwa bigabuye ku mukenyezi canke ku mugabo birahinduka ukurikije aho uri canke igihe umuntu agezemwo.

Uturorero twotangwa ni utu :

- Mu ntara zitari nke z'Uburundi kuragira inka, gukama no gusobanya urugo kari akazi k'umugabo gusa. Ariko kubera ubukene butuma abagabo bagenda guca ingero ahandi abagore bagasigara bonyene, ubu n'abagore barakora ivyo bikorwa.
- Mu Burundi, umugore ni we aheka umwana ariko hariho ibihugu ari umugabo amuheka.
- Mu bihe vya none, hariho abagore barangura ubuzi bwinshi : guca imanza, kuba umuporisi canke umusirikare, kwubaka inzu n'ibindi.
Mu bihe vya kera ivyo vyari umuziro.

Ikigaragara ni uko ibikorwa vyo mu rugo no kubungabunga umuryango bidahabwa agaciro bikwiye. Nico gituma iyo ubajije umuntu adakora akazi gatanga umushahara ico akora, kenshi akwishura ko ataco akora, ko ata kazi afise.

Umuntu yihweje rero ibikorwa umugabo arangura n'ivy'umugore arangura usanga harimwo ingorane. Kenshi, umugore akora ibikorwa vyo mu rugo n'udukorwa dutoduto two kurwiza umwimbu ; vyo bikorwa biramurusha kuko bimufata umwanya munini kandi ata gaciro bimuha.

Murumva rero ko bikwiye ko n'abakenyezi boronswa amahirwe yo gukora ibikorwa vyungu-ka n'akazi gatanga iteka kugira nabo batere imbere.

Akarorero :

- Kuzezwa amabanga y'igihugu
 - Guhingura ibikoresho
 - Guca imanza zo ku mugina
 - Kudandaza
 - Kwubaka n'ibindi
- Mu ncamake, nta kazi na kamwe umugabo akora umugore atokora canke umugore akora umugabo atokora kiretse ibijanye no kurondoka.

E: Uburenganzira bwo gukoresha no kuganza amatungo

E.1 Insiguro y'uburenganzira bwo gukoresha no kugaba amatungo


Ihangiro

Ihangiro ry'iki kiganiro ni uko abaje muri co bamenya insiguro y'uburenganzira bwo gukoresha n'iyi kuganza amatungo.

Ingene ikiganiro kiremeshwa

Abari mu kiganiro bahanahana ivyiyumviro mu migwi 2 kuri aya majambo: **"gukoresha no kugaba amatungo"**, bafatiye ku turorero bazi. Umworoshanyigisho aja arandika aho bose babona ivyiyumviro bikuru bikuru bishikirizwa. Aca asozera ashimikira kuri ibi:

Igihe umuntu ashobora gukoresha amatungo y'umuryango ni intambwe ya mbere ariko ntikwiye. Hari agahaze kuko hari aho adashobora gushika: kugaba ayo matungo akayakoresha ivyo ashaka. Nk'akarorero, mu Burundi umugore ararima itongo ariko ntashobora kurigurisha kugira agure ico ashaka kandi umugabo abishobora. Ni ukuvuga yuko umugabo afise ububasha bwo gukoresha itongo ico ashaka, akariganza, akarikuramwo inyungu.



Ivyotegerwa

E.2 Kwihweza urugero rwo gukoresha no kugaba amatungo

Ihangiro

Gushobora gukoresha ibintu no kubigaba ukabiganza biratandukanye. **Gukore-sha** ibintu canke umutahe ni ukuvuga ko umuntu aba afise uburenganzira bwo kubikoresha ico vyategekanirijwe ariko adashobora kubihindura.

Kugira ububasha (kugaba) ku kintu canke ku mitahe ni uko amategeko aha umuntu uburenganzira bwo kubikoresha ico ahatse igihe cose kandi ata n'umwe ashobora kumubera intambamyi. Iyo rero umukenyezi ata bubasha afise bwo kwiganzira ikintu, ivyo bituma n'ubuzima bwiwe bushobora gusinzikara kandi n'agateka kiwe kakageramirwa.

Abitavye ikiganiro bategerezwa kumenya kwihweza urugero umugore n'umugabo bafise mu burenganzira bwo gukoresha no kuganza amatungo.

Ingene ikiganiro kiremehwa

Abitavye ikiganiro bakorera mu mirwi uyu mwimenyerezo

- Gutanga uturorero dutatu twerekeye imitahe n'uturorero dutatu twerekeye inyungu abagabo n'abagore bashobora kuronka;
- Kwerekana ico umugabo canke umugore aganza n'urugero abiganzako bakoresheje utumenyetso.

Utwo tumenyetso natwo twomera uku:

XX: ico umugore canke umugabo ashikira cane canke aganza cane

X: ico umugore canke umugabo ashikira canke aganza rimwe na rimwe

---: ico umugore canke umugabo adashikira canke ataganza

Ivyotegerwa

Dufatiye kuri aka karorero, abari mu kiganiro bomenya ko uwo mwimenyerezo bowukora gutya:

IMITAHE/INYUNGU	GUKOresha		KUGANZA	
A. IVYEREKEYE IMITAHE	Abagore	Abagabo	Abagore	Abagabo
Itongo	XX	XX	X	XX
Ibikoresho vyo kurwiza umwimbu	XX	XX	X	XX
Amafaranga	X	XX	X	XX
Kwiga amashure	X	XX	X	XX
B. IVYEREKEYE INYUNGU				
Umushahara	X	XX	X	XX
Kwikenura mu vyo mu nzu	X	XX	X	XX
Kuronka ivyambarwa, ibifungurwa	XX	XX	X	XX
Kuronka uburaro	X	XX	X	XX

Incamake

- Ukutangana mu kuganza hagati y'umugabo n'umugore bituma haba imishamirano, ukutumvikana n'ingwano.
- Kunganisha ububasha ntibisigura ko hariho uwuca abuta kuko ntibugira aho buhera n'aho buherera, kuko ni ikintu udashobora guharura, biva ku gushaka.
- Iyo umwe akoresha ububasha bwiwe ku wundi (umugore n'umugabo) abo bantu babiri ntibababagishoboye gukorera hamwe ngo bashikire ihangiro bihaye.
- Abagabo n'abagore barashobora kunganisha ububasha hanyuma bakababumvikana.
- Ikibano nicavugira hejuru ukutangana k'ububasha hagati y'umugabo n'umugore, ugucinyizwa kw'abagore kuzoca guhera.
- Ububasha bw'abagabo ku bagore n'agacerere ko mu kibano nivyo bituma abagore bacinyizwa.

Kugira umugabo canke umugore biteze imbere, bogira ku rugero rumwe uburenganzira bwo gukoresha ivyobatumatuma batera imbere (amatungo, amafaranga, kwiga amashure n'ibindi). Ntivyogarukira ngaho kandi kuko vyiza botegerezwa kugira bese ububasha bwo kuganza kumwe amatungo n'uburenganzira kuri bese bwo kuronka ayo matungo (itongo, ibitungwa, umushahara n'ibindi) ;

F. Ingene umuntu aronka ububasha bukagenda bwiyongera

Ihangiro

Ikiganiro giheze, abari muri co bategerezwa gutahura neza ingene umuntu (umugore canke umugabo) aronka ububasha akabukomeza kandi bukaguma bwiyongera.

- **Ingene iki kiganiro kiremehwa**


Umworoshanyigisho araca ku mayange ivyankenerwa bibungabunga ubuzima n'ivyan-
kenerwa bitanga iteka mbere agasaba abacitavye gutanga uturorero. Mu nyuma arabaza
ivyo boba bakeneye canke ivyokorwa kugira abanyagihugu bato bato baronke ububasha.
Bamaze guhanahana ivyiyumviro, umworoshanyigisho aca asaba abacitavye kwerekana uru-
tonde rurashe rw'intambwe umuntu acako kugira aronke ububasha. Izo ntambwe umworo-
shanyigisho aba yazanditse imwe imwe ku rupapuro rwayo.

Bamaze guhanahana ivyiyumviro vy'ingene vyogenda baca bashika kuri uru rutonde:

1. Iya nkenyerwa bibungabunga ubuzima.
2. Kuronka uburyo bwiza bwo kurwiza umwimbu.
3. Kujijuka.
4. Kugira uruhara mu ngingo zifatwa.
5. Gufata ingingo.
6. Ububasha.

Ivyotegerwa

Kugira umuntu aronke ububasha aca ku ntambwe zitanu zikurikira nkuko biri muri iki gicapo :



Intambwe yose rero ituma iyiyikurikira ikomera gusumba hanyuma ububasha bukaguma bwi Yongera.

Akarorero

Umuntu kugira aronke itunga abanza kuronka ibifungurwa, impuzu n'ibindi. Iyo rero ivyo vyiyongereye arashobora gufatira ngaho akarondera itongo, ibikoresho n'ibindi bigatuma agira ubuzima bwiza. Amaze kugera kuri iyo ntambwe aca arondera kuja aho abandi bari, ivyiyumviro vyawe bigatangura guhinduka mbere agashaka gufata ingingo no kugenzura ko ingingo zafashwe zikurikizwa.

Izo ntambwe zisigura iki ?

- **Kuronka ivya nkenerwa bibungabunga ubuzima**

Birakenewe ko abagore n'abagabo baronka ivya nkenerwa bibungabunga ubuzima kugira babeho neza. Iyo navyo bisaba kuronka

uburyo bukwiye (ibifungurwa, ibinyobwa, ivyambarwa, uburaro, kwivuza, n'ibindi) kugira bishoboke.

- **Kuronka uburyo bukwiye bwo kurwiza umwimbu**

Mu vyerekeye uburyo bwo kurwiza umwimbu, umugore n'umugabo bofatwa ku rugero rumwe. Urwo rugero rumwe rero rwobonekera **mu kuronka akazi, gusaba ingurane, gutorana n'ibindi**. Hari uwurenganijwe n'amategeko canke mu bundi buryo vyokosorwa.

Kujijuka

Agaciro k'umugore canke k'umugabo nta n'umwe akavukana. Umuntu agenda arabimenya uko akura, mu ndero ahabwa n'abavyeyi, mu kibano, mu madini, mu mashure n'ahandi. Ivyo rero umugabo canke umugore babwirizwa kuraba ko hatoba harimwo ibicinyiza uyu canke uriya kugira ibimeze nabi bihindurwe biciye mu nyigisho.

Gufata ingingo

Umugore n'umugabo bafata ingingo ku rugero rumwe haba mu vyerekeye gutunganya urugo canke ivyerekeye ubuzima bw'igihugu.

Kugenzura

Iyo abagore bafata ingingo biratuma bagenzura uburyo bwo kurwiza umwimbu bigatuma biteza imbere.

- ▶ Mu ncamake rero izo ntambwe zose nta n'imwe isiga inyuma iyindi kuko ni magiriranire.

G. Ukungana imbere y'amategeko n'ubutungane kuri bose

Ihangiro

Gutahura kumwe itandukaniro riri hagati y'ugufata abantu ku rugero rumwe imbere y'amategeko, n'ubutungane kuri bose.

Ingene ikiganiro kiremehwa

Abari mu kiganiro baraja mu mirwi kugira bahanahane ivyiyumviro mu kwishura utubazo dukurikira umworoshanyigisho aba yateguye:

- Mbega mu gihugu cacu umugore n'umugabo barashobora kungana?
- Bongana mu biki ?
- Kujijuka.
- Aho batangana ni mu biki ?
- Intambanyi mubona mu gushaka kungana kw'abagabo n'abagore ni izihe ?
- Hokorwa iki kugira uko kungana kujane n'ubutungane kuri bose ?

Ico gikorwa kirangiye abaserukiye imirwi baca bashikiriza ivyiyumviro bashitseko. Umworoshanyigisho araheza agashikiriza incamake y'ivyashikirijwe, akavyunganira bikenewe. Araheza agaca abasigurira ico gufatwa ku rugero rumwe n'ubutungane kuri bose bisigura.

Ivyotegerwa

Ugufatwa ku rugero rumwe hagati y'umugabo n'umugore ntubifate mu buryo bw'ibiharuro ngo bibiri bingana kimwe nongereje kimwe. Ni ukuvyumva mu ngendo yo kwanka akarenganyo. Ukungana kujana rero n'ukutarenganya, ukudakumira, kwitwararika intambanyi zituma bamwe bataronka inyungu nkizo abandi.

Uturorero :

1° Musitanteri yatumiye abaremashakiyago (abagore n'abagabo) bose bo ku mutumba Muyange kugira abigishe ingene boshikiriza inyigisho zo kwirinda umugera utera Sida. Mu bagore bari bitavye ikiganiro, harimwo abafise abana baconka. Inyigisho zimaze gutangura, abafise inzoya baza barasohoka kugira bonse abana igihe ivyirwa vyabandanya. Dufatiye kuri ako karorero twovuga y'uko mu gutumira Musitanteri atawe yakumiriye kuko bose barabimenyeshejwe batako baritaba inyigisho. Ico twokwibaza ubu ni ingene bose baronse inyigisho. Abakenyezi bafise inzoya bagiye barasohoka kugira bonse abana ntibaronse inyigisho zose. Muri ico gihe twovuga ko ubutungane kuri bose butashobotse kuko hari abataronse inyigisho zose.

2° Mu muryango, abana bose babwirizwa gufungura ariko bose ntibakenera bimwe. Umwe wese yoronka ibimukwiye.


Muri aka karorero iyo bose bafunguye bimwe kandi bingana ni ukuvuga ko baba bafashwe ku rugero rumwe. Ariko umwana w'imyaka itatu ntiyaronka co kimwe n'uwufise imyaka cumi n'itandatu. Umwe wese akwiye kuronswa ibifungurwa bijanye n'uko angana kugira habe ubutungane.

Mu ncamake, gufata abantu ku rugero rumwe imbere y'amategeko ntibikwiye iyo bafashobora kubironkamwo inyungu zingana. Nico gituma urwo rugero rumwe rutegerezwa kwunganirwa n'ubutungane kuri bose.

Basabe barondere utundi turorero twinshi ari mu migambi ikorerwa mu kibano iwabo, ari mu nzu canke mu miryango, ari mu mategeko akoreshwa mu gihugu n'ibindi, babona ko hari akarenganyo kuri bamwe canke abandi.

Utundi turorero:

- Kwubaka ishure ry'igorofa rifise ingazi udategekanije aho abagendana ubumuga bw'amaguru bagendera ku dukinga bashobora guca, canke kudateganya utwo dukinga mu bikoresho nkenerwa vy'iryo shure mu gihe imiryango myinshi idashoboye kutwigurira.
- Gutunganya amanama y'iterambere ku masaha abakenyezi baba bafatiriwe n'udukorwa two munzu.
- N'ibindi.



UMWIMENYEREZO WA 1

Ishirahamwe ryaronse imfashanyo y'ibanki y'isi yose yo kwubaka ishure rito « TURIHO » y'igorofa igeretse kabiri (ibirasi 6 hasi n'ibirasi 6 hejuru), akazu ka sugumwe n'ikibuga c'umupira w'amaguru. Mu mwanya wo gukina, abanyeshure bagenda banyaruka mu kazu ka sugumwe, haba hari umurongo munini w'abarindiriye kujayo. Bavuye gukina, abanyeshure baragundana mu ngazi kugira basubire mw'ishure. Kubera bagendana ubumuga, Ange na Yohani baca babasunikira mu ngazi.

Ibibazo

Mwisunze ivyo mwatahuye mw'ikumirwa, vuga ibintu vyose mubona bihaze. Iyaba mwari mujejwe ishira mungiro ry'uwo mugambi wo kwubaka iryo shure, ni igiki mwokoze kugira iryo shure ntirikumire bamwe bamwe?

UMWIMENYEREZO WA 2

Igikorwa cerekana ikumira mu kibano: Gutora ukoresheje amaguru Umworoshanyigisho aratanga udupapuro turiko ico umuntu aja kuba mu mwimenyerezo. Abavugwa (abafatiweko akarorero)

1. Jewe ndi umukobwa aba i Kamaramagambo.
2. Jewe ndi umukobwa afise imbanyi.
3. Jewe ndi umwigeme yavyariye iwabo.
4. Jewe ndi umuhungu agendana ubumuga.
5. Jewe ndi umupfakazi atagira abana.
6. Jewe ndi umushingamateka.
7. Jewe ndi serugo.
8. Ndi umupfakazi ntafise n'umwana haraheze umwaka.
9. Ndi umugabo w'umushingamateka.

Umworoshanyigisho arasoma ibi bikurikira hanyuma agasaba abari mu kiganiro gukoresha amaguru mu gutera intambwe imwe imbere iyo uvyemera, gusubiza intambwe imwe inyuma iyo utavyemera, kuguma aho uri iyo atanahamwe uhagaze.

Inyuma y'ico uhejeje gusoma, ca ubabaza bavuye igituma batoye aho bari.

Ivyo abasomera :

- Ikibanza canje kiri muhira, ntibikenewe ko ndondera akazi.
- Ndafise uburenganzira bwo kuvugwa k'ubuntu.
- Umukobwa yavyariye iwabo ntashobora guha indero nziza umwana wiwe.
- Nta kworohereza umukobwa yavyariye iwabo gusubira mw'ishure kuko yohava yigisha ingeso mbi abandi banyeshure.
- Gutanga uburyo bwinshi ku mwigeme ni uguta umwana kuko azoca aja kurongorwa.

- Nta kworohereza umukobwa yavyariye iwabo gusubira mw'ishure kuko yohava yigisha ingeso mbi abandi banyeshure.
- Gutanga uburyo bwinshi ku mwigeme ni uguta umwanya kuko azoca aja kurongorwa.
- Ntibikenewe ko nirirwa ndaja kw'ishure.
- Nta burenganzira mfise bwo kuja gutora mu matora yo ku mutumba.
- Nta bubasha mfise kw'itongo ryacu.
- Ndafise ubudahangagwa, ndafise ububasha ku mubanyi mu gihe dushwanye.

IKIGABANE CA III. AKARANGA NDERANO N'IRONDOKA RIJANYE N'AMAGARA MEZA

Amahangiro :

- Kwerekana intambamyi kw'irondoka rijanye n'amagara meza zifatiye ku mico, ku mibano, ku butunzi no ku vya politike.
- Gusigura ingene izo ntambamyi zibangamira irondoka rijanye n'amagara meza.
- Gusigura ingene irondoka rijanye n'amagara meza ari ikibazo kijanye n'akaranga nderano.
- Gutanga ubudasa hagati y'ivyankenerwa **bibungabunga ubuzima** n'ivya nkenerwa **bitanga iteka** mu bijanye n'irondoka rijanye n'amagara meza.

Uko bikorwa: **igikorwa co mu mirwi**

Ingene ikiganiro kiremehwa

Ironduka rijanye n'amagara meza ku bakenyezi rirabangamiwe kubera badafise ububasha, ubushobozi, n'ukungana mu kwivuza kwa muganga, mu gufungura neza, mu kwiga no mu kazi. Iki cirwa cihweza ingene ibituma bifatiye ku mico n'imigenzo, ku mibano, ku butunzi no kuri politike bibangamira irondoka rijanye n'amagara meza ku bakenyezi. Bakoresheje akarorero mu bwatanzwe, abaje mu kiganiro barasuzuma neza ingene ivyo bituma bibangamira umukenyezi mu buzima bwiwe bwose.

A. Ibituma bifatiye ku mico n'imigenzo, ku mibano, ku butunzi, kuri politike bifatanye n'irondoka rijanye n'amagara meza.

1. Gushira abari mu kiganiro mu mirwi mito mito.

Bahe akarorero: **ubuzima bw'umukobwa**

Hanyuma ca usaba umwe asome (igisomwa: inkuru y'Umwigeme Berize)

Umwimenyerezo: ubuzima bw'umukobwa

Umuryango wa Berize wari ufise abana batandatu, abahungu bane n'abakobwa babiri. Berize yari uwa kane kandi niwe yari muto mu bakobwa. Umuryango wiwe wari ubeshejweho n'uburimi n'ukugurisha bimwe mu vyimburwa. Kenshi, vyarashika ntibaronke n'ivyo bafungura bikwiye mu muryango. Nk'uko imiryango myinshi yo mu kibano ibigira, abagabo n'abahungu bafungura ubwa mbere, hanyuma hagakurikira Berize na mwenewabo, ubwa nyuma mama wabo. Berize yakuze bukebuke, ibintu vyabonwa nk'ibisanzwe.

Ku myaka itandatu, Berize yari atanguye ishure. Inyuma y'imyaka ibiri, yaciye aheba kwiga kubera hari habuze amahera y'ishure yo kurihira abana bose. Basaza biwe bakuru babiri barabandanije kwiga ariko Berize na mukuru wiwe baca baguma muhira kugira bafashe mama wabo kurima, kuraba barumuna babo no gukora ibikorwa vyo muhira.

Igihe Berize yashikana imyaka 12, uburyo bw'amafaranga bwo mu muryango bwari bwisununuye. Umuryango wari wize uburyo bushasha bwo kurima vyatumye baronka inyungu muvuyo bashoye. Berize yashaka gusubira kw'ishure, se wiwe aramwankira. Ishure ryari kure kandi urwo rugendo rurerure rwamutera amakenga. Iryo shure ryari rifise umwigisha umwe. Se rero ntiyashaka ko umukobwa wiwe atanguye gukura yigishwa n'umwigisha w'umugabo. Kandi yasiguriye nyina ko Berize ari mu kurongorwa, bidakenewe ko aja kw'ishure canke ko acafuzwa atarubaka urugo rwiwe. Mukuru wiwe Korodine, afise imyaka 17 yari amaze imyaka 2 yubatse urwiwe kandi amaze kuronka ikibondo. Berize ashikanye imyaka 15, aca arubaka na Faranke, aca aja kuba mu muryango wiwe. Inyuma y'amezi ane, yari yibungenze. Ku myaka 18 yari afise abana b'abakobwa 3. Yama arushe, agwaragurika, kenshi yama ababaye. Naho atari azi gusoma, yari yarumvise bavuga ivyo gutandukanya imvyaro. Aca abwira Faranke ko yumva yoja ku buryo bwo gutandukanya imvyaro kugira ashobore kuruhuka. Faranke aca arashavura, aca aramukubita, aramubwira ko atari bwamuvyarire n'umwana w'umuhungu, kandi n'uburyo atari kama.

Kubera yibaza ko yatutswe agakubitwa kubera ivyo yavuze, Berize ntiyasubiye kuvuga ivyerekeye ico kibazo. Berize yabandaniye ari magara make. Yarivuye kenshi kw'ivuriro kubera afise uburyi mu bihimba vy'irondoka. Iminsi yose abaganga bamubwira ko ari kuza arakoresha agakingirizo kugira yikingire izo ndwara. Ariko Berize yari azi ko abadandaza umubiri (imaraya) aribo bakoresha agakingirizo kandi ko na Faranke atokwemera kugakoresha. Umwana wa kane yavutse ari umuhungu, Faranke araryohereza cane. Aca aguma yibaza ngo azosubira aronke umuhungu wa kabiri n'uwagatatu inyuma y'uho. Berize bibandanya bimubabaza kandi aruha cane.

2. Basabe bakore uyu mwimenyerezo ukurikira:

Umwimenyerezo 1 (inkuru y'umwigeme Berize)

1. Rondera ivyatumye Berize agira amagara mabi ku mubiri no ku mutima. Mwi yumvire ko ari ibiva ku bituma bifatiye ku mico n'imigenzo, ku mibano, ku butunzi, canke kuri poritike vyabangamiye ubuzima bwa Berize.

2. Gira incamake y'ivyo bituma

Umwanya: **iminota 20**

Inyishu zishoboka:

Gufungura nabi mu buto bwiwe; kutaronka akaryo ko kuja kw'ishure bivuye kw'ikumirwa rifatiye ku gitsina; uruhara rwitezwe ku bagore no ku bakobwa; umugenzo wo kuja kwubaka izabo bakiri bato; kutiga; uruhara rw'umugabo mw'ifatwa ry'ingingo; guha ikibanza kinini umwana w'umuhungu; kutagira ububasha bwo kwumvisha umugabo; kutitwararika ku vyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza, n'ibindi.

3. Saba umugwi wose werekane inyishu bagize.

B. Kubera iki irondoka rijanye n'amagara meza rikora ku kibazo c'akaranga nderano?

1. Muri ya mirwi nyene, saba abari muri yo bakore igice ca kabiri c'umwimenyerezo. Ca ubaha ikintu kimwe canke bibiri mu bivuzwe aho hejuru:

Umwimenyerezo wa 2:

Kuri kimwe kimwe:

- Erekan uruhara rwaco kugira irondoka rijanye n'amagara meza ritaba ryiza. (Ikiganiro ntigihagaze kuri uyo mwimenyerezo, urashobora kuvuga n'ibindi).
- Rondera ingorane zifatiye kw'ikumirwa kuri ico kintu.

Umwanya: **iminota 20**

2. Saba umugwi wose werekane ico washitseko.

Tanga ingorane zose zifatiye ku karanga nderano zifitaniye isano n'irondoka rijanye n'amagara meza. Berekane ingorane zifatiye kw'ikumira ryerekeye irondoka rijanye n'amagara meza.

Inyishu zishoboka:

- Abagabo bafise uruhara rusumba urw'abagore mw'ifatwa ry'ingingo mu vyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza (ni ryari barangura amabanga y'abubatswe, ni ryari baja ku buryo bwo gutandukanya imvyaro, kugira canke kutagira abandi bagore ku ruhande, n'ibindi.) ;
- Ku bijanye n'ibihimba vy'irondoka, abagore niba bashobora kwandura cane indwara zifatira mu bihimbwa vy'irondoka canke umugera utera Sida, abagore niba bonyene batwara imbanyu;
- Iyo hari ubugumba mu bubatswe, bavyagiriza umugore ko ariwe bivako;
- Uburyo bwo gutandukanya imvyaro umengo ni ikibazo ca bamwe;
- Imico n'imigenzo bituma umugore asa n'uwudafise ijamba ku mugabo ku vyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza;
- Kutanganya uburenganzira bwo kuja kw'ishure, mu kazi no ku mushahara bituma abagore babaho kubw'abagabo. Iyo bigatuma bikagabanya ububasha bwo gufata ingingo zikora kw'irondoka rijanye n'amagara meza ryabo, ingingo zo gutandukanya imvyaro, gukoresha agakingirizo, uburenganzira bwo kwanka imibonano mpuzabitsina;
- Ukutangana mu bijanye n'indero yo ku mashure, mu kazi, bituma abagore atako bashobora ku vyerekeye ububasha bwo gufata ingingo ku buzima bwabo mu gukoresha udukingiririzo canke mu kwanka kurangura amabanga y'abubatswe;
- N'ibindi.

IKIGABANE CA IV. AMABI AFATIYE KU GITSINA

A. Insiguro y'ihohoterwa rifatiye ku gitsina

Amabi afatiye ku gitsina ni amabi yose akorerwa umuntu afatiye ku gitsina ciwe bigatuma canke bigashobora gutuma haba ivyononekara canke bigatera ububabare bw'umubiri, ubw'igitsina, ingorane zijanye n'ubutunzi, ibikomere vy'umutima canke izijanye n'urukundo, harimwo n'uguhigirwa gukorerwa ayo mabi, ukugoberwa canke ukwakwa umwidegemvyo ata mvo, haba mu vyerekeye ubuzima muri rusangi canke mu bimwerekeye wenyene¹.

Ugufata ku nguvu ni igikorwa cose kijanye n'ubushurashuzi uko comera kwose n'uburyo ubwo ari bwo bwose bukoreshajwe, gikorwa n'umuntu agikoreye uwundi muntu batavyumvikanye

Amabi ajanye n'ugusambanya ku nguvu ni ivyo vyose bijanye n'ubushurashuzi, ukugerageza kubikora, amajambo avyerekeye canke ugusaba umuntu kubikora, umukorako canke utamukorako, bigirwa n'umuntu uwubigirirwa atavyemeye canke rimwe na rimwe, cane cane ku bana, ukuryosharyosha umuntu canke ukumukangisha kumukorera ikibi.

Abahohotewe bari imice kubiri:

- uwahohotewe aba atarashobora kwiyakira;
- uwahohotewe yamaze kwiyakira akanarondera ingene yobivamwo.

Igikorwa ca 1: ihohoterwa/ Gutora ukoresha amaguru (isaha 1)

1. Tegura udupapuro dutatu, kamwe kariko « ndemeye », aka kabiri « sindavye meye », aka gatatu « ntaco ndabivuzeko » uce umanika ahantu hatatu hatandukanye haboneka.
2. Bwira abari muri ico gikorwa ko basabwe kuvuga uko bavyumva n'uko batahura ivy'ihohoterwa.
3. Bereke bwa bupapuro butatu aho bumanitse.
4. Basigurire ko ugira usome amajambo, biyumvire gato hanyuma umwe wese aje aho yumva hahuye n'inyishu yiyumviriye hagati ya: « ndemeye », « sinemeye », « ntaco ndabivuzeko »
5. Babwire umwe wese avuge aho yagiye n'igituma yagiye aho.
6. Babwire ko umwe wese afise uburenganzira bwo gutanga icyumviro ciwe ata wumutwenze canke ngo amusuzugure. Bibutse abaje mu kiganiro ivyo biye-meje kugenderako mu minsi y'ikiganiro yose.
7. Ubabwire ko bivanye n'inyishu zitanze, uwumva ashaka guhindura ashobora guhindura umugwi.
8. Ubasigurire ko uwo mwimenyerezo bawukora bahagaze, ata wuwukora yicaye kiretse uwo bidakunda vy'ukuri.

¹Ibwirizwa inomero 1/13 ryo ku wa 22/09/2016 ryerekeye ugukingira n'uguhasha amabi afatiye ku gitsina hamwe n'ugukingira abakorewe ayo mabi

9. Bahejeje gusomerwa n'ugusigurirwa ivyanditswe hejuru (baza ibibazo kugira batahure neza), basabe basubire mu bibanza vyabo kugira mugirire hamwe incamake y'ivyo muhejeje kwihweza

Uburorero bw'ibisomwa:

1. Umugabo arafise uburenganzira bwo guhana umugore ashatse akanamukubita.
2. Ibitutsi ni ibisanzwe ku mwana mu gukura kwiwe, kandi na we nyene akwiye kuvyemera uko.
3. Abahungu ntibarimwo mu bagirirwa ihohoterwa rifatiye ku gitsina.
4. Imico imwe imwe irahohotera kandi ntaco dushobora kubikorako.
5. Abigisha ntibabwirizwa gukoresha inguvu mu guhana abanyeshure.
6. Ni ibisanzwe ko abavyeyi babuza abana babo kugendana no kugira abagenzi babo abakobwa bibarukiye iwabo.

Ibibazo:

Baza ibibazo bikurikira kugira ubamurikire mu kiyago,

Baza ku cyumviro kimwe kimwe (ndemera, sinemera canke ntaco ndabivuzeko) avuge igi-tuma yatoye aho ari.

1. Mwibaza ko imico n'imigenzo vyanyu ku bijanye n'uruhara rw'umugore n'umugabo vyafashije mu nyishu zanyu? Sigura iyo nyishu yawe.
2. Ivyo abantu biyumvira ku karanga nderano, bifise uruhara uruhe ku vyerek eye ingene bafata?
3. Imico n'imigenzo vyabafashije gute mu nyishu mwantanze?

B. Ububasha, ikoreshwa ry'inguvu n'umwumvikano

Igikorwa ca 1: UBUBASHA (iminota 10)

1. Koresha ibi bikurikira mu ntumbero yo kubafasha kugira ico bavuze ku bubasha
 - ▶ Abahohotera barashobora kuba bafise ububasha canke bavyibaza ko babufise. Mu burorero bw'ububasha n'abantu babufise, twofata:

Igisata	Ubwoko bw'ububasha	Abantu bafise ububasha
Mu mibano	Ibitutsi	Abigisha, abavyeyi n'abandi
Mu butunzi	Kuganza amatungo/amahera/amatungo	Serugo
Muri poritike	Gukurikiza amategako akumira	Abategetsi batowe, abakurambere bo ku mitumba
Ku mubiri	Inguvu, gukoresha ibigwanisho	Umusoda, umupolisi, umusuma
Ku karanga nderano	Imico n' imigenzo ya kera	Abagabo bari mu kibanza c'ukuganza
Bijanye n'imyaka	Imico n'imigenzo ya kera	Urwaruka rufise ububasha buke

- ▶ Ububasha bufatanye n'uguhitamwo. Uko umuntu agira ububasha bwinshi niko ashobora guhitamwo ; Uko umuntu agira ububasha buke niko ata vyinshi ashobora guhitamwo ; Kubera ivyo, abantu ata bubasha bafise bwo guhitamwo barakumiriwe.
- ▶ Uguhohotera gutuma haba gukoresha ububasha ukutariko. Uko gukoresha ubwo bubasha ukutangana gutuma haba ugukumira n'ugufata nabi abandi.

Hari ubwoko bungahe bw'ububasha ? Ni abahe bantu bafise ububasha ? Tanga uburorero bw'abantu bamwe bamwe kw'isi, mu kibano, kw'ishure (akarorero : abarongozi batowe, abakurambere bo ku mutumba, abayobozi b'amashure, n'abandi)

- Andika ijambo « ububasha » ku kibaho.
- Baza abari mu kiganiro « ni igiki giha ububasha umuntu? »
- Andika inyishu batanze.
- Hari ubwoko bungahe bw'ububasha ? Ni abahe bantu bafise ububasha ? Tanga uburorero bw'abantu bamwe bamwe kw'isi, mu kibano, kw'ishure (akarorero : abarongozi batowe, abakurambere bo ku mutumba, abayobozi b'amashure, n'abandi)

- Ninde afise ububasha hagati y'abakuze n'abana ? Vyoba biva ku mico ? Sigura
- Mbega abantu bafise ububasha barabukoresha mu guhohotera no gucinyiza abandi ?
- Basigurire ko amabi afatiye ku gitsina ava ku bubasha abantu bafise bakabukoresha ukutariko. Ubwo bubasha buba ari ubw'ukuri canke ababukoresha bibaza ko ari ubw'ukuri, uwahohotewe yibaza ko ubwo bubasha ari ubw'ukuri.
- Gumiza hafi ku ruhome aho babona bose hamwe mwanditse musigura ijambo « Ububasha » kugira ribafashe mu bikurikira.

Igikorwa 2: IKORESHWA RY'INGUVU (iminota 15)

1. Koresha ibi bikurikira kugira batahure ivyerekeye ikoreshwa ry'inguvu.
 - ▶ Inguvu zishobora kuba izo ku mubiri, ikibano canke ubutunzi. Zishobora gutuma haba uguhata umuntu canke kumutera ubwoba. Inguvu harajamwo no gutera ubwoba, ibitutsi, guhohotera umuntu n'ubundi buryo bwo kugondozwa umuntu (urabiye kuri burya bwoko bune bw'ihohoterwa: **Uguturubika, ugukubagura, uguhohotera gufatiye kugitsina, uguhohotera gufatiye ku butunzi**). Abantu bashikiwe nivyabo barakora ivyabo bababwiye aho bushake burimwo kubera ubwoba bw'ivyohava bikurikira.
 - ▶ Ihohotera ni ugukoresha inguvu canke ibindi bintu nko gutera ubwoba canke kwemerera ibintu(nk'akazi) umuntu ari mu bukene.
 - ▶ Ihohotera ni ugukoresha umuntu ikintu gitandukanye n'ubugombe bwiwe hakoreshejwe inguvu.
2. Andika ku rupapuro ijambo « **ikoreshwa ry'inguvu** ». Ca ubabaza batandukanye ikoreshwa ry'inguvu n'ihohoterwa, uce wandika inyishu zitanze ku rupapuro runini.

Igikorwa ca 3: UMWUMVIKANO (iminota 15)

1. Andika ijambo « **Umwumvikano** » ku rupapuro runini rumanitse.
2. Baza abari mu kiganiro icyo bumva icyo umuntu avuze « **Umwumvikano** ». Uko bagitahura, vyandike ku rupapuro runini rumanitse. Baza hagire uwutanga isano riri hagati y'**ihohoterwa, ububasha, ikoreshwa ry'inguvu n'umwumvikano**
Raba ibi bikurikira:
 - ▶ **Umwumvikano**: bisigura « ego », kwemera ikintu. Kwemera gukora ikintu ubishakira aho gahato, aho guturira, aho bubeshi, aho kugondozwa canke ubundi buryo
 - ▶ **Ugufata umuntu ku nguvu** biba aho umwumvikano wahabaye. N'aho umuntu yovuye « ego », si umwumvikano nyawo icyo yabivuze kubera gutinyira canke icyo uwundi yakoresheje inguvu kugira yemere.

- ▶ Abana ntibigera na rimwe bumvikana n’uwukuze ngo bagire imibonano mpuzabitsina, si umwumvikano kuko nta bubasha baba bafise ngo bumvikane. Kwemera kubera gukoresha inguvu canke gutera ubwoba ntibisigura ko habaye umwumvikano.

3. Basabe biyumvire uturorero.

Kamwe muturorero ni ku bantu bakuze. Raba ko uvuze ibi bikurikira:

- ▶ Bamwe mu bakuze baraba abakiri bato bafise ingorane z’uburyo. Nk’akarore ro iyo umugabo asavye umukobwa ngo bakore imibonano mpuzabitsina kugira nawe azoce amurihira ishure, ivyo ntivyemewe kuko arakuze, aca yitwaza ubukene bw’uwo mukobwa kubera ata mahera afise ngo yirihire ishure.

Akarorero kajanye n’ububasha, ikoreshwa ry’inguvu n’umwumvikano

Akarorero 1

Mariyamu avuka mu muryango waba isiramu bubaha cane idini. Afise imyaka 16 kandi akora neza kw’ishure. Yaripfuzaga cane kuzoba umuganga n’abigisha baramubwira ko niyabandanya yiga neza ashobora no kuronka akaryo ko kuja kunonosora mu makungu. Yaciye abwira se ko ashaka kwiga cane kugira azoronke amahirwe yo kuja kwiga mu mahanga. Uwo munsu nyene akibimubwira, se yaciye amubwira ko ashaka kumushingiza ku mugabo atunze aba hafi yabo ahubwo ko yohagarika ishure. Mariyamu ntiyari bwigere abona uwo mugabo, ntiyashakaga no kurongorwa mugabo kubera yubaha se wiwe kandi yakuzwe yubaha abavyeyi, yahavuye yemera ararongorwa na wa mugabo naho atabinezere-rewe, agirako acarageba ishure.

- Mariyamu yoba yaratanze icyumviro ciwe kuri ubwo bugeni?
- Hari ikoreshwa ry’inguvu ryabayemwo muriyo nkuru?
- Ni nde yari afise ububasha muri icyo gihe ?
- Ni ubuhe bubasha se afise ?
- Ni ubuhe bubasha umukobwa afise ?
- Ni irihe sano riri hagati y’ububasha n’uguhitamwo murako karorero ?
- Ni izihe mpanuro woha Mariyamu?
- Ni izihe mpanuro woha se wa Mariyamu?
- Ivyo birashikira mu kibano iwanyu?

Akarorero 2

Nitwa Kabudesiya. Mw’ishure ndabitora, bigenda neza cane. Abigisha banyigisha bama bambwira ko ninabandanya nkora neza nshobora kuronka amanota yokuja muri kaminuza ku murwa mukuru.

Maze kubibwira dawwe na ba datawacu, baciye bitwengera bambwira ngo «bimaze iki ku mukobwa kuja muri kaminuza ko ivyakora vyose abikora ngo azoje kurongorwa hanyuma akaba inarugo ». Nashaka kurongorwa no kuronka abana ariko mpejeje kaminuza. Nabwiye umwigisha ko nshaka kuja mw'ishure rikurikira mu biharuro kuko aho nari vyari vyorohe cane. Aca ambwira ko ivyo vyiyumviro atari vyo kubera ndi umukobwa, aca arongerera ambwira ati: « abakobwa ntaco bashoboye mu biharuro, utegerezwa kwiga ivy'uguteka ». Sinatahuye igituma umukobwa adashobora kwiga ibiharuro canke kuja muri kaminuza. Vyaranshavuye cane nibutse ko umunsi umwe nzova kw'ishure ntahejeje kaminuza. Mbega ntibikunda ko mba umufasha n'umuvyeyi mwiza hanyuma nkaja no muri kaminuza?

Akarorero ka 3

Nitwa Ana. Icigwa nkunda mw'ishure ni ibiharuro. Umwigisha wanje arankunda kubera mfise igihagararo ciza. Kuwa kabiri uheze, mwigisha yaransavye ko azonyigisha ansubirishemwo jenyene niyo nemera kumujanira isakoshi yiwe. Muvy'ukuri sinumva ntekanye ambwiye uko, ariko sinashaka ko umwigisha w'icigwa nakunda anshavurira, nahavuye ndemera. Umunsi wa mbere aranshimira mu buryo ntashimye kuko yarakuyakuye igikiriza canje nca ndagenda. Nariruhukije ko nayitahanye nkayishikana kandi ntazosubira. Bukeye, kuwa gatatu asubira kumbwira ndayimujanjire muhira iwe mugabo uwo munsi ho ndayishikanye aguma ambwira ngo nininjire mu nzu ndanka, aca atangura kumbwira ko ata ndero mfise, ndiko ndamusuzugura ko nanse ko anzimana. Mbonye abivugana ishavu nca ndemera ndinjira. Nshitse mu nzu aca ankwegera ku gitanda ansimbirako. Ndagerageza kwigwanira, aca aguma ambwira ko ninahirahira nkakoma induru canke nkabibwira umuntu n'umwe nzoca nyoberwa mw'ishure. Inyuma y'ivyo nca ndiruka muhira, niyanse vyo gupfa, nshaka no kudahwa, numva nyene ivyabaye ko ari amakosa yanje. Bukeye kw'ishure abo twigana baguma banzomera ngo ndi umugenzi wa mwigisha. Ndiko ndiyumvira no guheba ishure nkaja kuba kwa mamawacu aba mu yindi koline.

Akarorero ka 4

Pasikari ni umuhungu akuze kandi ava muryango utunze. Yamenyanye na Kirisitera .Umunsi umwe avuye kw'ishure, baratahanye, baca batangura gukundana .Bamaze ukwezi bari kumwe. Umunsi umwe inyuma ya sasita, abwira Kirisitera ko amukunda. Atangura ku mukorakora munsi y'agashati kiwe. Ariko Kirisitera aramubwira areke ku mukorakora kuko atashaka ko bashika kure. Pasikari aca arashavura, amubwira ngo « ukwezi maranye nawe, utegerezwa ku kundiha ». Aca atangura kumukwegu amuterera hasi, aca amushurashuza ku nguvu naho yaguma akoma induru ntiyahagaritse.

Ibibazo

1. Kirisitera hari ideni ryo gukora imibonano mpuzabitsina na Pasikari yari afise? Yategerezwa gukora imibonano mpuzabitsina na Pasikari? Kubera iki? Ari oya, kubera iki?
2. Mbega ni ihohoterwa? Kubera iki? Ari oya kubera iki?
3. Ku bwanyu, ni gute ibintu bijanye n'akaranga nderano vyorohereje ku vyaba ye kuri Kirisitera?
4. Mbega ibintu vyari kumera ukundi iyaba Pasikari na Kirisitera bubatse? Kubera iki? Ari oya kubera iki?

C. Amabi afatiye ku gitsina: ibituma n'ingaruka zavyo (ihohoterwa rifatiye ku gitsina)

Igikorwa ca 1

Sigurira abari mu kiganiro ko iki gikorwa cerekeye cane ubwoko bw'amabi, ibituma n'ingaruka z'amabi afatiye ku gitsina.

Iki gikorwa gikorerwa mu mirwi

- Bagabure mu mirwi 4 hanyuma ubarungike umurwi umw'umwe ku bibaho ahari amajambo, « ihohoterwa ryo ku mubiri, guturubikwa, gushurashuzwa ku nguvu, uguhohotera bifatiye ku butunzi ».
- Basigurire ko kugira bashobore gutora ibituma n'ingaruka z'amabi afatiye ku gitsina, bisaba ko batahura kumwe ibintu vyose bishobora gukoreshwa kugira ayo mabi abeho.
- Saba abari mu kiganiro batange urutonde rw'ibintu vyose bishobora gukoreshwa.
- Babwire barabe ahanditse **"ikubagurwa ry'umubiri"**, ca ubabwira batange uburorere kw'ikubagurwa. Bace bagira uko no ku bindi (Guturubikwa, gushurashuzwa ku nguvu n'uguhohotera bifatiye ku butunzi)
- Bahe iminota 10 kuri iki gikorwa.

Ihohoterwa ryo ku mubiri	Guturubika	Guhohoterwa bifatiye ku butunzi	Gushurashuzwa ku nguvu
1. Gukubita 2. Gutera imigere 3. Gukubita ikofe 4. Gukubita ingumu 5. Gufyonda umuntu mu minwe n'inguvu 6. Gukandamiza 7. Gutema 8. Gukwega imishatsi 9. Kurya amenyo 10. Kuvuna ukuboko 11. Gucumita 12. Gukubitisha ikintu 13. Kwima umuntu ivyankenerwa (imfungurwa, amazi, aho aryama, imiti, ikimwunguruza) 14. Guhatira umuntu gufata ibiyayura mutwe canke inzoga 15. Kuniga	1. Gutera ubwoba 2. Guterwa ubwoba kw'ihohoterwa ry'umubiri kuri wewe, ku wagiriwe amabi canke umuryango, canke abagenzi biwe 3. Kwigiza kure y'ubufasha uwahohotewe 4. Guhungabanya ubwenge bw'uwahohotewe 5. Gukumira 6. Gukwiragiza ibihuha k'uwahohotewe 7. Gutuka 8. Gusuzugura/kunebagura 9. Gutuma agira ubwoba 10. Gutuma yiyagiriza (kwemeza uwahohotewe ko ariwe ya tumye biba) 11. Kwima umuntu ivyankenerwa (imfungurwa, amazi, aharyama, imiti, ikimwunguruza) 12. Kwankira kwiga canke gukora	1. Kwima umuntu ivyo yakoreye 2. Kubuza umuntu gukora 3. Kubuza umuntu kwiga 4. Gukurikirana ivyo umuntu aguze vyose 5. Kwima umuntu ibintu vya nkenerwa 6. Guharurira umuntu ingene akoresha amahera yiwe	1. Kunegura ubushobozi bw'umuntu mu gukora imibonano mpuzabitsina 2. Kukora imibonano mpuzabitsina ku nguvu (mu bihimba vy'irondoka, mu kanna, mu kibuno) 3. Kumukorakora atabishatse canke kumuhatira kubikora 4. Kwima umwidengevyo mu bijanye n'irondoka ry'uwahohotewe 5. Kutubahiriza gukoresha uburyo mu bijanye n'irondoka rijanye n'amagara meza 6. Uguhatira umuntu kugira ubusambanyi umwuga 7. Guhohotera/ kubabaza ibihimba vy'irondoka 8. Kurenga ibigo 9. Kwagiriza kurenga ibigo atari vyo 10. Kwankira uwo mwubakanye kuran-gura amabanga y'abubatse ata mvo yumvikana 11. Gutwara inda ku gahato

Igikorwa ca 2: ikiganiro co mu mirwi (isaha 1)

- ▶ Bibutse ibiharuro babonye uriko urigisha ku mabi afatiye ku gitsina ko umugore umwe kuri batatu (umwe kuri babiri mu bice bimwe bimwe) bahura n'ayo mabi iminsi yose.
- ▶ Basigurire ko kugira dushobore kurinda ayo mabi, dutegerezwa gutahura ikiyatera ubwa mbere.
- ▶ Saba abari mu kiganiro bacape igiti bakimanike ku ruhome. Basigurire ibi bikurikira :
 - Umutumba w'igiti werekana ingorane (amabi afatiye ku gitsina).
 - Imizi y'igiti yerekana ibituma haba amabi afatiye ku gitsina.
 - Amababi y'igiti yerekana inkurikizi z'amabi afatiye ku gitsina (bategerezwa kuvuga).

- ▶ Basigurire ico ari co imvo nyamukuru y'amabi afatiye ku gitsina:

Imvo nyamukuru ni imico n'imigenzo yorohereza canke yemerera amabi akorerwa kiremwa muntu na cane cane abakenyezi. Imico n'imigenzo igizwe n'inyifato, ivyo twemera n'ivyo duha agaciro ari navyo imigwi y'abantu mu kibano yisunga muvyo ikora n'ingene itunganijwe

- ▶ Fasha abaje mu kiganiro gutahura itandukaniro riri hagati y'igituma n'inkurikizi mu gutanga uburorero. Shira hamwe ibituma n'inkurikizi. Hanyuma ushire ku ruhande ivyorohereza. Soma cane, baza abari mu kiganiro bavuge ko ico usomye ari ibituma canke inkurikizi. Uwudashimye inyishu itanzwe asigure igituma, hanyuma uce ushira ico usomye ku gihimba kibereye ku giti.
- ▶ Ubwa nyuma, tora ahanditse ivyorohereza bibiri ubabaze ko ari igituma canke inkurikizi.
- ▶ Birashoboka ko bakubwira ko ari « ibituma ». Bibutse ibituma biva ku mico n'imigenzo.

Ahubwo, birashobora kworohereza ko ayo mabi aba menshi ariko sivyo bituma abaho.

Bahe urwo rukurikirane bamenye itandukaniro riri hagati y'ibituma n'ivyorohereza :

Iyumvire ivyo igiti gikeneye kugira gikure. Igiti kirakeneye ikirere ciza kugira gikomere, imvura, ubushuhe, n'isi nziza. Muri aka karorero k'igiti c'amabi afatiye ku karanga nderano, ivyorohereza bishusha n'imvura, ubushuhe n'isi. Ivyorohereza nivyo vyongereza ayo mabi bigakomeza ico giti c'amabi.

1. Igikorwa co mu migwi / iminota 15

- ▶ Bagabure mu migwi itatu.
- ▶ Babwire ko bafise iminota 15 kugira barondere ibituma bitanu n'inkurikizi zitanu.
- ▶ Bahimirize kubandanya bongerako niyo baheza hakiri umwanya.
- ▶ Hasigaye iminota itatu, ca ubabwira kugira bagerageze kunyarutsa baheze.
- ▶ Basabe bace bamanika ivyo banditse ku gihimba c'igiti bijanye (ibituma ku mizi, inkurikizi ku mababi).

2. Ikiganiro ca bese / iminota 20

- ▶ Soma cane ibituma n'inkurikizi ziri kuri ca giti
- ▶ Shira ku ruhande ivyashizwe ahatari ho ku giti, rabira ku giti kiri ku rupapuro (Igicapo: igiti c'ingorane zijanye n'amabi afatiye ku gitsina.)
- ▶ Shira ku ruhande ibitari vyo canke ibidaha agaciro umuntu (akarorero : iyo hari uwanditse ngo : « abagore bategerezwa kumenya ikibanza cabo » canke « abagabo ntibashobora kwigumya mw'ishavu ryabo » nk'igituma haba amabi afatiye ku karanga nderano gerageza mubihinyanyure bidahuye muce mubikuramwo.
- ▶ Baza ko ataco bafise bongerako ku vyatanzwe mu kubabaza ibi :
 - Muremera izi nyishu zatanze? Kubera iki? Ari oya kubera iki?
 - Baza ku vyashizwe ahatari ho (nimba ata wabajijeko ikibazo),
 - Ni ibihe bituma canke inkurikizi ari bishasha kuri mwebwe, biri muvyo mutahora mwiyumvira?
 - Kubera iki bikenewe kugira uwo mwihwezo?
 - Ni ibihe bituma mwumva mushoboye gutorera inyishu (mukoresheje ubwenge n'ubumenyi bwanyu)? Ni nk'ibihe mu bituma canke inkurikizi mwumva ata nguvu/ ubushobozi mufise bwo kubikorako?

Mu guheza babwire ibi bikurubikuru bikurikira:


- ▶ Ihohoterwa rifatiye ku gitsina rihonyanga ibintu vyinshi biri mu gateka ka zina muntu (ubuzima, umwidegemvyo n'umutekano w'umuntu). Ikoreshwa ry'ububasha n'ukutangana kw'ibitsina ni ibituma haba ihohoterwa rifatiye ku gitsina.
- ▶ Abantu b'imirwi yose bategerezwa gufashanya kugira bagwanye amabi afatiye ku gitsina. Aho naho birakenewe ko batahura ibintu kumwe mu kwitaho abakorewe ayo mabi. Ubufasha bugirirwa uwahohotewe bumuha ubu renganzira, ivya nkenerwa n'ivyifuzo vyawe.
- ▶ Kugira dushobore gukinga ayo mabi, birakenewe ko dutahura ibituma n'ivyorohereza.
- ▶ Dutegerezwa gushiramwo inguvu kugira duhindure imico yemeza ikongera ikorohereza amabi afatiye ku gitsina.

- Ihinduka ry'imico rishobora kutanyaruka, bigafata umwanya munini. Ariko buhoro buhoro uko tuzokwiga ingene twotorera inyishu ico kibazo n'ingene dushigikira abashikiwe n'ayo mabi, tuzoba dutanze igice c'inyishu. Mu kwi-yemeza gufasha abashikiwe nayo mabi, muba mufashije guha ikibanza nyaco abo bagiriwe iryo hohoterwa.

Kugira mutore inyishu ibereye kuri ayo mabi, mutegerezwa kumenya no gutahura inkurikizi zayo.

Ibituma nyamukuru	Inkurikizi
• Ukutangana, ububasha butangana hagati y'umugabo n'umugore • Abagabo bashaka gusumba abagore bagakoresha n'inguvu kugira bagume baganza • Ukutangana gutuma abagabo bafata abagore babo nabi bigatuma haba ihohoterwa • Abagore ntibahabwa agaciro mu kibano bigatuma bakumirwa • Abagabo biyumvira ko vyemewe ko berekana ishavu ryabo mu gukubagura ku mubiri canke mu guturubika • Abagore babonwa nk'abantu bari muni y'abagabo bigatuma bahohoterwa • Imico n'imigenzo bifatiye kukaranga nderano • Abagore babayeho kugira bubahe ba se, abagabo babo, abahungu babo • Ibikundwa kuvugwa nk'ibisanzwe nuko ikubagurwa ry'abagore bikoze n'abagabo babo aribisanzwe bifatwa « nk'ugutanga indero » • Gukara, gukoresha inguvu ku mugabo biboneka nk'ibisanzwe • Ububasha n'ukugaba bihabwa agaciro	Ku magara y'umuntu • Indwara z'ivumbuka ry'umurindi w'am araso • Akabonge • Indwara y'umushishito • Umuvyibuho urenze • Kumeneka umutwe kudahera • Indwara zifatira mu mara • Ububabare budahera • Indwara zo mu ngingo Inkurikizi kw'irondoka rijanye n'amagara meza • Ukudakora neza kw'ibihimba vy'iron doka • Indwara zifatiye mu bihimbwa vy'iron-doka n'umugera wa Sida • Kudapimisha imbanyu canke ukayipimisha waratevye • Ugutwara imbanyu utifuje • Kwibaruka bigoranye Mu mutwe • Ihahamuka • Kwiyumvira kwiyahura • Kwisuzugura • Kudashobora kwizera abandi • Kwigunga • Kubura itiro • Kuguma yiyumvira ivyamubayeko • Indoto mbi Mu mibano • Kudashaka ubufasha, kutitura ivuriro • Kutugurukira abaganga canke abakoresha • Kwigunga ukaja kure y'ubufasha • kutagira aho ukika umusaya

Igiti c'ingorane : Amabi afatiye ku gitsina



Intambuko y'ikiganiro : Bivanye n'umwanya, abariko bakurikirana ikiganiro barakorera mu mirwi, bagakorera ku bwoko bumwe bw'ingaruka hanyuma bakabiganira muri bose.

IKIGABANE V : AMABI AFATIYE KU GITSINA N'UBUFASHA BWO MU KIBANO

Amahangiro

- ▶ Gutuma abari mu kiganiro biyumvira ivyo bokora kugira bakinge amabi afatiye ku gitsina mu kibano.
- ▶ Kubafasha kwimenyereza ivyo bokwisunga mu gutorera inyishu amabi afatiye ku gitsina.
- ▶ Gushobora gutanga ubufasha bwa mbere ku wahohotewe n'ukumurungika aho ashobora kuronka ubufasha bundi akeneye.

Umwanya: amasaha 3

Uko ikiganiro kiremashwa:

Iki kigabane kija kwuzuzanya n'ibindi bigabane twabonye kugira gifashe abaje mu kiganiro kwongereza ubumenyi bwo gukinga no kugwanya amabi afatiye ku gitsina n'ugutabara abahuye n'ayo mabi mu kibano. Umworoshanyigisho ategerezwa kuba yibuka ivyo yahe-reyeko kwigisha kugira bifashe abaje mu kiganiro kubitahura cane. Ategerezwa kumanika ahabona ivyabonywe mu vyigwa biheruka.

A. Itunganywa ry'ibikenewe mu gukinga amabi afatiye ku gitsina (mu kibano) mu kurondera abahohotewe n'abahohotera.

Umworoshanyigisho aratanga igikorwa co mu murwi kugira abari mu kiganiro biyumvire abantu bakenewe mu gukinga ayo mabi mu kibano.

Umwanya: isaha 1

Umurwi wa 1: ingene bokinga ayo mabi ku mashure
Umurwi wa 2: ingene bokinga ayo mabi mu kibano
Umurwi wa 3: ingene bokinga ayo mabi mu miryango
Umurwi wa 4: ingene bokinga ayo mabi mu ngo

B. Uburyo ngenderwako mu gutorera inyishu amabi afatiye ku gitsina

- Ibikorwa bifise intumbero yo kugwanya amabi afatiye ku gitsina (mu kibano).
- Ibikorwa bifise intumbero yo kwubahura abantu gushira ahabona abakoze ayo mabi no kwitaho abahuye n'ayo mabi.
- Kwishira mu kibanza c'uwahohotewe mu kumuronderera ubufasha canke mu kumufasha kugira hatorerwe umuti ico kibazo.

Ibintu nyamukuru mu bufasha:

1. Gufasha ataco wononeye uwufashijwe

Abatanga ubufasha babanza kuraba ko ivyo bakora ataco biza kwonona.

Uwahohotewe ntashobora na rimwe gufatwa nk'uko ariwe vyavuyeko ari mu guho-hotera canke ku nyishu y'ikibazo ciwe. Nk'akarorero nko kubwira uwahohotewe ko kwambara impuzu ngufi bituma umukobwa afatwa ku nguvu

bishobora kumutuma yiyagiriza. Saba abari mu kiganiro ubundi burorero. Umutekano w'uwahohotewe utegerezwa kwitabwaho. Abatanga ubufasha bategerezwa kubanza kuraba ko ivyo bagira bakore ataco vyonona. Ubushobozi bw'abafasha butegerezwa kwongerezwa imbere y'uko bafasha abahohotewe (kugira babafashe kutabagiriza canke ngo babakumire).

2. Guharanira agateka ka zina muntu

- Kwidegemvya n'agateka ka zina muntu
- Uburenganzira ku buzima
- Uburenganzira bwo kungana n'ukudakumira
- Uburenganzira bwo kugira amagara meza
- Uburenganzira bwo gukingirwa, kudatotezwa, kudafatwa nk'igikoko no kudasuzugurwa kuri kiremwa muntu

Wibutse ko hariho ibintu vya nkenerwa umuntu wese afitiye uburenganzira nk'umuntu bitaravye igitsina.

Kwubaha uburenganzira bw'umuntu wese ni itegeko.

3. Inyishu ishingiyeye k'uwahohotewe

- Gusubiza ububasha uwahohotewe.
- Kwubaha ivyankenerwa vy'uwahohotewe, uburenganzira bwiwe n'ivyo ashaka.
- Guha uwahohotewe inkuru zose zikenewe ku burenganzira bwiwe n'uko yobigenza.
- Mwibuke ko inyishu y'umwe umwe ku bijanye n'ihohoterwa zitandukanye co kimwe n'ivyo akeneye.
- Ni ukumenya ko umuntu wese uko afise ubukomezi, niko afise n'intege nke n'ingene ashobora kubibamwo.

Uguhita mu burenganzira mu guhitamwo ivyo ashaka n'ikintu gikomeye. Umuntu wese arafise uko atahura ivyamushikiye n'ukungene avyifatamwo. Dutegerezwa kwubaha uwahohotewe no kumufasha kumenya uburenganzira bwiwe hanyuma agatora we nyene uko vyogenda.

4. Kwihitiramwo

Ico uwahohotewe ahisemwo, birashobora kuba atariko wari wavuyumviriye. Ivyo ni ibisanzwe. Uwahohotewe arafise uburenganzira bwo guhitamwo ku vyerekeye ubuzima bwiwe. Uko guhitamwo gushobora kuba ukwanka kwitwara, ubufasha bwo mu kibano canke kuguma muri ubwo buzima bwo guhohoterwa arimwo. Mu butungane bishobora kuba bigoye gutegera, ariko uwahohotewe arafise uburenganzira bwo kutitwarira uwamuhohoteye. Biragoye gutegekanya ivyoshika muri ico gihe. Kandi ikindi ntushobora guhata uwahohotewe kuja kwa muganga canke kuvana n'uwo bubakanye atabishatse. Igihambaye ni kumusigurira cane kugira atahure akamaro ko kurondera ubufasha butandukanye.

5. Ugukingira ubuzima bwiwe, ukugumya ibanga n'umwumvikano

Uburyo bwo gukingira ubuzima n'ukugumya ibanga butegerezwa gushirwaho bukanakorwa imbere y'uko uwahohotewe adoma urutoke k'uwabikoze.

Ivyo navyo bisaba :

- Aho bamwakirira ha wenyene kandi hihishije.
- Umwumvikano wanditse kandi wemejwe n'uwahohotewe urakenewe kugira hatangwe inkuru ku bandi bajejwe gufasha.
- Uburyo bwumvikana kandi buboneka bw'ingene bahanahana inkuru mu babigenewe kubimenya.
- Kuvugana n'uwahohotewe ivyerekeye ibanga.

Twiyibutse: ibanga ni ukuvugana ivy'uwahohotewe n'abo bikenewe ko babimenya kugira batange ubufasha bwabo nkuko uwahohotewe yabisavye kandi yavyemeye.

Umwumvikano

Baza abari mu kiganiro ikihe muri ibi bikurikira ari inkuru yo kandi yumvikana, kubera iki ?

A: Nimwanywa iki kinini ububabare bwo mutwe buca bukira.

B. Nimwanywa iki kinini ububabare bwo mu mutwe buca buhera ariko murashobora kubabara mu mushishito, ni kimwe mu ngaruka mbi z'uyo muti.

Umwumvikano ntuba wahabaye, iyo umuntu yemeye kubera:

- Hakoreshejwe ihimirizwa, inguvu canke ibindi vyose bituma yemera, ibiturire, ububeshi, kwemeza ibitari vyo.
- Hakoreshejwe iterabwoba ryo kubwira umuntu ko atazoruka ico yari afitiye uburenganzira.

C. Ibigize umurwi w'ibikorwa mu gufata mu mugongo abakorewe amabi afatiye ku gitsina mu kibano (iminota: 45)

Ibikenewe

- Rondera abantu bose bagize urunani bagwanya ayo mabi mu kibano.
- Bereke aho bitura hose iyo habaye amabi afatiye ku gitsina.
- Bereke uburyo bagira icegeranyo c'uwakorewe ayo mabi n'ukungene vyagenze.
- Gushiraho umugambi wo gushobora kuronka ubufasha canke kumufasha kuvuga neza uko vyagenze.

Igikorwa 1: uburyo butatu bw'inyishu ku mabi afatiye ku gitsina

1. Capa umuzingira munini hagati ku rupapuro runini. Hejuru mu muzingira andika ijamba « Inyishu ». Baza abari mu kiganiro icyo batahura bavuze inyishu dufatiye kuho umuntu wari mu kibano ajejwe. Basigurire ko abo mu kibano bahohotewe bakeneye ubufasha bukwiye, abari aho barakeneye kugira urutonde n'ubumwe hagati yabo ku nyinshu kugira bashobore gufasha abantu baje babitura.
2. Capa uwundi muzingira hagati muri umwe munini wa mbere, wandikemwo « ubufasha bwo ku murongo wa mbere ». Ca ubaza abari aho icyo gisigura « ubufasha bwo ku murongo wambere ».
3. Capa uwundi muzingira muto hagati, ca wandika ijamba « kudoma urutoke ». Baza abari ngaho icyo bumva umuntu avuze kudoma urutoke. Basigurire ko mu buryo bwo kuronka inyishu, bikenewe kubivugira kugira haboneke ubufasha no kugira uburyo bwose uwabikoze ahanirwe ibyoyakoze. Basigurire ko mu gutorera inyishu ayo mabi, ko bikenewe ko bivugwa kugira uwahohotewe yitabwaho, n'uwakoze ayo mabi ahanwe n'ababijejwe.
4. Capa uwundi muzingira wandikemwo « kurungika ». Baza abari aho mu kiganiro icyo batahura bavuze « kurungika ». Basigurire ko mu kurungika, abafise icyo bajejwe mu kibano bereka abahohotewe aho bitura, bitabwaho bakumvirizwa, kwa muganga aho bavurirwa canke mu butungane aho abahohotewe canke imiryan-go yabo bitura.

Himiriza abari mu kiganiro bavuge ibigo bifasha abahohotewe

Ibifasha umworoshanyigisho: kugira icyo ukoze ni ugufasha uwahohotewe; gukingira umutekano w'uwo yahohotewe; kwitwarira uwakoze ayo mabi ku nzego zibijejwe. Iyo mizingira yose iri muri y' « inyishu » irakenewe.

Igikorwa 2 (iminuta 30): Gushira ahabona

1. Capa umuzingira ku rupapuro runini wandikemwo « uwahohotewe ». Shirako uturongo 10 canke 15 tuva ku muzingira. Sigurako kuri icyo gikorwa, abari aho mu kiganiro biyumvira kw'ijamba "Gushira ahabona". Basigurire ko kugira uwahohotewe ashobore kuvugira ivyamushikiye abanza kumenya aho yitura aho ariho.
2. Baza abari mu kiganiro icyo aba aribo bahohotewe aho bokwitura. Bategerezwa kumenya abantu bese bashobora kugira icyo bafashije mu kibano.
3. Bwira abari mu mirwi bavuge inguvu n'intege nke z' umwe umwe mu bari murunani rwo kurwanya amabi afatiye ku gitsina.
4. Baza abari mu kiganiro igituma bikenewe kumenya inguvu n'intege nke z'abagize urwo runani rujejwe gufasha.

Babwire ko kubivugira bifise ingaruka kandi biteye ubwoba. Ntivyoroshe kwegera abantu bamwe bamwe mu bari kuri urwo rutonde.

Mbe vyogenda gute iyo hariho uwuteye ubwoba mu bakoze ayo mabi kandi abantu batinye ku murega? Mbega uwufise ico ajejwe mu kibano yokora iki kugira afashe uwo yahohotewe?

Basigurire ko abafise ico bajejwe mu kibano batoshobora ico gikorwa bonyene. Barakeneye gufashanya no gufashwa n'abandi bantu bo mu kibano (abandi bafise ivyo bajejwe haba mu kurungika canke mu kubishira ahabona).

Basigurire ko kenshi uwahohotewe aba ashaka kuvuga ivyamushikiye kandi ko ategerezwa kubikora ariko agahura n'inzitizi nyinshi. Babaze inzitizi zikunda gushika zobabuza gushira ahabona abakoze ayo mabi. Bavuge n'ibigoye gutorera inyishu (akarorero ubwoba bwo gukumirwa, gutakaza akazi...). Shira iyo nzitizi ku murongo ukitse (ucafyeye ku gipapuro), ku ruhande rw'ibubamfu rw'iyi nzitizi andika "uwahohotewe", ku ruhande rw'iburyo wandike "raporo".

Baza abari mu kiganiro biyumvirire hamwe ingene vyogenda kugira abafise ico bafasha mu kibano bashobore kurengana izo nzitizi, bashobore gushengeza abakoze ayo mabi. Ivyo bavuze vyandike ahanu (gerageza murondere ubufasha mu kibano bwo kurega, mwibutsa akamaro k'amashirahamwe yo hafi yabo, n'intwari zo ku mutumba, gukingira abo bese bafise ishaka ry'ukurega mu kuronka ubufasha bw'abafise ububasha mu kibano...).

Igikorwa 3 (iminuta 20): kurungika uwahohotewe aho aronka ubufasha busumbirije

1. Subira inyuma ku mpapuro urabe, ubibutse «kurungika».
2. Capa umuzingira ufise uturungo 15 gushika 20 buva ku muzingira. Basabe be gere ahamanitse urupapuro bese hamwe barondere aho hose abahohotewe bokwitura haba mu kibano canke ahandi. Bahe umwanya babiganireko bace bandika ivyo bavuganye. Babwire bandike imbere y'aho hantu igituma uwo muntu ashobora kumwakira, uwo ariwe n'ikibanza yomutoramwo. Bavyandike ku karongo kamwe kamwe kuri twa turongo tuva kuri wa muzingira wanditse mw'ijamba « uwahohotewe »

Umwanya: iminuta 20

Igikorwa 4 (isaha 1): gutanga ubufasha bwinshi bushoboka

1. Bahe akarorero kerekana ingene boshengeza uwahohoteye, n'ingene bokurungika uwahohotewe aho yokura ubufasha.
2. Saba abaje mu kiganiro bacape imizingira ata canditse mw'aho, hanyuma baje mu mirwi baronderere hamwe ibisata vyose vyofasha uwahohotewe.
3. Bwira abafise ikintu canditsweko, bicare ku muzingira. Bashire intebe ku ruhande. Abandi bese basigaye babe abarorereze baje inyuma y'umuzingira.
4. Saba umwe mu baje mu kiganiro aje mu kibanza c'umukobwa w'imyaka 12. Ca uha uwundi ahanditse « ubufasha bwa mbere » kuko iki ni kimwe mu bintu bitatu bigize ubufasha. Basigurire ko uwufise « ubufasha bwa mbere » agira akore hanyuma atume abo bandi bo muriyo mirwi 2 bakore:

Kudoma urutoke uwahohoteye no kurungika uwahohotewe aho aronka ubufasha bukwiye

5. Saba uwufise ubufasha bwa mbere ahagarare inyuma y'umuzingi afate umugozi. Basigurire ko uwo mugenzi tuwugereye n'umwigeme w'imyaka 12 yahohotewe n'umugabo yari amutegereye agiye kw'ishure. Saba uwufata ku busunwe bw'umugozi aho aha hasi ikindi gice c'umugozi gisigaye ariko agume afashe aho yizingiriyeko ku rutoke.
6. Saba uwundi afate umugozi nawe yizingireko ku rutoke aho areka ahasigaye hare rete babandanye gushika umugozi uhare.

Soma iyi nkuru y'uwumunyeshure :

- Umwigisha yajanye na wa mwigeme mu giporisi kugira baje kuvuga ivyabaye.
- Mu giporisi bababwirako baje kubivugira kw'ishure.
- Umwigisha aca arungika wa munyeshure ku muyobozi w'ishure kubimwiganira.
- Wa muyobozi aca arungika wa mukobwa kwa muganga ariko ntiyabimenyesha.
- Wa mukobwa aca aja kuraba umuganga w'umwakirizi kwa muganga, uwu nawe aca amusaba amwiganire uko vyagenze.
- Wa mwakirizi aca asaba wa mukobwa kwiganira muganga uko vyagenze.
- Wa mwakiriza aca ahamagara umuganga asaba wa mukobwa kumwiganira ingene vyagenze.
- Wa muganga aramuvura aca ahamagara abavyeyi biwe.
- Wa mukobwa ariganira abavyeyi biwe uko vyagenze.
- Abavyeyi biwe baca bamujana ku mumenyeshamana.
- Umumenyeshamana aca ahamagara umuyobozi, uwo nawe ntiyari acibuka neza uko vyagenze wa mukobwa aca arabasubiriramo uko vyagenze.
- Umuyobozi aca ahamagara igiporisi.
- Abaporisi bari bafise ibintu vyinshi baca basaba wa mukobwa n'abavyeyi biwe kuzogaruka hanyuma.
- Abavyeyi baca baje kuraba umukuru w'umutumba.
- Umukuru w'umutumba aca abwira wa mukobwa amwiganire uko vyagenze.
- Umukuru w'umutumba baca basubirana mu giporisi nawa mukobwa n'abavyeyi biwe.
- Umuporisi arumviriza inkuru y'ingene vyagenze aca aragira icegeranyo.
- Wa muganga arabonana n'abavyeyi na wa mukobwa n'umuporisi kugira bavugane ingene bofasha uwo mukobwa.
- Umukuru w'umutumba aca arakoranya abo mukibano kugira bagire icyo bakoze.

Ingene ikiganiro kiremehwa : wamaze kumwereka aho afata, raba neza ko yatereye hasi ahakurikira, bese bagire uko bahejeje batereke hasi bukebuke badasambuye hamwe bizingira ku rutoke, bace baguma ku muzingi imbere y’aho bateretse umugozi n’abandi bace baza bahagarare hampande aho bawubona. Ibutsa abari mu kiganiro ko ari igikorwa cabo kugabanya guhohotera kandi mu gihe bariko barafasha uwahohotewe

Ibibazo :

1. Ni igiki mubona mu muzingi?
2. Mubona vyafashije uwo mukobwa? Ari ego, kubera iki? Ari oya, kubera iki?
3. Kangahe uwo mukobwa yasubiyemwo ivyamushikiye?
4. Naho umukobwa yoba yiyemera gose, yihagararako gose, yokwiyumva gute aguma asubiramwo hose ibintu nk’ivyo bibabaje vyamushikiye?
5. Ni igiki cari gukorwa kugira ntihirirwe haraba izo nzira zose zigoye?
6. Ni uruhe ruhara abo yituye bogira kugira bagabanye izo nzira zose zigoye?
7. Nk’uwitwewe nuwo mukobwa, ni kangahe umwe wese yavuganye n’uwo mukobwa? Mbega hariho uburyo bwari gutuma uwo bituyeko amutunganiriza neza?
8. Basabe baje hamwe babiri babiri biyumvire ibintu vyari gutuma umwigisha w’uwo mukobwa amurinda izo nzira zose kugira aronke ubufasha. Basabe bavyandike ku rupapuro runini.
9. Ibutsa abari mu kiganiro uruhara rwabo mu kugabanya kuzembagiza uwaho hotewe, gushira ahabona ivyamushikiye n’ukumwereka aho yitura.

Incamake: umurwi w’ibikorwa mu kibano mu gukinga amabi afatiye ku gitsina

Kumwakira: ikibanza kibereye, kumumwenyurira, kwifatanya nawe muvyo arimwo, ku mwumviriza.

Ku mushigikira: kumwumviriza irya mbere n’ukumukurikirana, gushimikira cane ku ngo rane, gushimikira ku bigumbagumba yerekana (ubwoba, kubabara, kuryohereza, ishavu, kumaramara), gushimikira ku vyiyumviro vyawe.

Gushimikira ku kungene aserura ibigumbagumba vyawe (ingene yifata): ububabare (umushishito, kumeneka umutwe), kujugumira, icuya, amosozi, kumwenyura, gutwenga.

Kumwereka aho yitura: Gukorera mu runani, kurungika uwahohotewe aho akura ubufasha bukwiye

Ubufasha bwa mbere: kumwumviriza neza, gusubiramwo ibintu nyamukuru muvyo yakubariye, kuvugana nawe ingene umutekano wiwe wokingirwa mu kurindira ko aronka ubufasha ntabandanye ahohoterwa. Gutegura uko umutekano wiwe ucungerwa. Gutororokanya neza inkuru zijanye n’ivyamushikiye.

Ibisata canke ibigo bitanga ubufasha: ibi bisata si ibikorwa; ni ibisata vyotegerejwe gushirwaho mu kibano kugira ngo bitange ubufasha twamaze kudondagura hejuru.

D. Ishirwaho ry'uburyo bwiza bwo kurungika ku bundi bufasha n'ibintu bituma haba gutororokanya neza ivyo uwahohotewe yakorewe (iminota 30)

Umwanya kuri vyose: isaha n'iminota cumi n'itanu

Igikorwa 1: ibikorwa vyo mu mirwi

1. Gira imirwi ine kuri ibi bikurikira:

- Akamaro ko « kurungika »: ibisata bihari bifasha abahohotewe.
- Gushiraho urunani rujeje kurungika abahohotewe mu bindi bisata vyobafasha.
- Gukomeza urwo runani.
- Intambamyi zibuza urwo runani gushinga imizi ngo rukore neza.

3. Abaserukiye imirwi barerekana ivyo bakoze hanyuma umworoshanyigisho aca agira incamake y'ivyavuye mu mirwi n'inyigisho bokuramwo.

Ico cegeranyo cosehikira kuri ibi bikurikira:

Ibintu ngenderwako mu gukurikirana no gutororokanya inkuru zijanye n'uwahohotewe:

- Gukurikirana bisaba kumenya uburenganzira no gutahura amategako haba abo vyashikiye canke uko bisanzwe bikorwa muri rusangi.
- Gukurikirana bisaba gukoresha ibintu vyose bijanye n'inkuru haba igihe warondera ukuri ku vyabaye canke kugira raporo.

Ubuvinga bwo gukurikirana uwahohotewe:

- Kubivugira mu mwidegemvyo kandi ata gahato ku wahohotewe
- Ibivugira n'uwundi muntu abizi neza
- Gukurikirana idu n'ido ingene vyagenze
- Kurondera amabi uwahohotewe yakorewe

Indangurakintu y'itohoza

Itohoza ni : umurwi w'ibikorwa, uburyo, ubuvinga vyorohereza mu :

- Gutororokanya inkuru ;
- Guhinyanyura inkuru ;
- Kubika inkuru.
- Gutunganya uko idosiye canke inkuru bihanahanwa
Intumbero ni ugukurikirana, gutororokanya inkuru, gushira ahabona ivyabaye no gushiraho ubuvugizi ngo habe impinduka mu itunganywa ry'imigambi n'imico yorohereza ihohoterwa.

Itohoza rero ni urukurikirane rw'ibikorwa bisaba kwitonderwa.

Icegeranyo c'itohoza gikoze neza kirangwa no:

Kubamwo umuco ukwiye, kikerekana neza ivyabaye ku buryo cizerwa.

Birakwiye rero ko hari ivyokwitwararikwa:

1. Kuraba ko ahavuye inkuru hizewe;
2. Gukora isuzuma ryigenga mu gihe bishoboka;
3. Gutohoza neza inkuru wahawe mu gihe bishoboka;
4. Kugereranya ayo mabi watohoje n'ayandi mabi woba umaze kwakira wakor-
eye icegeranyo;
5. Gerageza kuronka ivyemezo vy'ivyabaye bishobotse wumvirize amasura
y'ababibonye.

Ibanga: kugumiza mw'ibanga inkuru waronse bisigura kugumya ibanga nk'iyu tuvuze nk'akarorero ivyo mwavuganye n'umuntu muri babiri. Ni uburenganzira bw'umuntu kutinji-
ra mu buzima bwiwe ariko bufise aho bugarukira (abana batarakwiza imyaka yo kwiserukira imbere y'amategeko canke uwufise ubumuga bumubuza kwiserukira, umurwi w'abavura).

Amajambo y'igihushane: guhemukira, kwararaza, kuvuga inkuru atari iyo, gusuzugura. Vyose si vyiza kubivuga, urashobora kugira nabi gose bivuye ku vyo uvuze ku muntu canke mu bihe ariko aracamwo. Ivyo uvuze ku muntu bishobora gutuma ikibano kimutuma ababara canke mbere bakanamwica.

Kugumya ibanga: ibanga ni icyumviro cubatse kandi cagiye kirakura, nico gituma ivyigwa bimwe bimwe vyafashe ko kizira kikazirizwa kuvuga inkuru uba ufise igihe uba uriko ura-
rangura amabanga bagushinze ajanye n'umwuga wawe.

Kutagira aho uhengamira: birakenewe kudakumira umuntu uwariwe wese. Kutagira aho wegamiye kandi bishobora kugira insiguro nyinshi ku bantu batandukanye (kudakumira, gufata abantu co kimwe, kutiyumvira abantu ataco ufatiyeke). Birakenewe ko :

- Wemerwa.
- Umenywa neza.

Itohoza rikozwe neza ku mwanya utegekanijwe hakoreshejwe uburyo budahanitse :

- Itohoza ryategerezwa gufasha gushika kw'ihangiro ni kuvuga kugira akamaro mu mwanya muto.
- Gukoresha ibimenyetso bitamenywa na bese mu kuvuga abahohotewe. Mutegezwe kubanza kwumvikana iyo ugomba gukoresha amazina bwite canke amafoto y'abahohotewe.
- Mu gutohoza birakenewe rwose ko uba uzi amategeko no kumenya imico y'aho hantu. Gushiraho ubuhinga bwo kubika ivyakozwe muri kahise no ku-
menya kubika mu mutekano ibikoresheje vy'amatohoza.

E. Uburyo bwo gukingira abakwituye hamwe n'abafasha mu kibano (iminota 60)

1. Indangurakintu y'amajambo

- ▶ **Umutekano** : kuba ata bintu biriho bishobora kubangamira umuntu bivuye kw'ihohoterwa.
- ▶ **Kugwanira** : ingingo zose zituma haba kubahiriza agateka n'uburenganzira bwa kiremwa muntu.
- ▶ **Iterabwoba** : gushaka kugirira inabi umuntu haba ku mubiri, ku muturubika canke ku munyaga utwiwe bivuye kenshi na kenshi ku guhohotera.

Amoko y'iterabwoba :

- ▶ Gutorwa mu bandi (kuronderwa kwicwa bigaragara canke vyihishije)
- ▶ Iterabwoba rigirirwa umuntu (uguhigira kwica umuntu)
- ▶ iterabwoba riraba benshi (ribangamiye akarere abamwo)
 - Kubangamirwa: ni ivyo vyose bishobora gutuma umuntu amererwa nabi.
 - Ubushobozi buke: ni urugero rw'ubushobozi rutuma umererwa nabi igihe ubangamiwe biva mu bihe urimwo kandi bikava no ku gikorwa ukorewe.
 - Ubushobozi: ni inguvu canke ibikenewe vyose abantu bashobora gushiraho kugirango uwahohotewe canke abariko batanga ubufasha babeho mu mutekano (gukarihirizwa ubwenge mu vyerekeye kwikingira, gukorera mu runani).

Uburyo bwo kwikingira :

- Igikorwa c'abafasha ihinduka gitegerezwa kudahengama (kudomako urutoke ivyabaye utongeyeko ivyawe).
- Gutahura neza igikorwa ujejwe no kumenya ibijanye n'akarere kaho uriko urakorera.
- Kumenya gusigura neza ivyo uriko urakora n'ukwerekana ko ubifitiye ububasha.
- Kurwiza abo mufashanya basanzwe babikoreramwo.
- Gutunganya uburyo bukwiye bwo gukingira uwahohotewe.
- Kuraba neza ahari inguvu n'ahari intege nke.
- Kwama uvugana n'abatware n'abandi bakorera muri ico gisata.
- Kwihweza neza urugero rw'umutekano rwaho uriko urakorera.
- Kumenya ingene uvuyitwaramwo.


2. Ibikorwa vyo mu migwi vyo gutunganya gukingira umutekano uwahohotewe mu kibano (iminuta 30)

Abo biraba	Ico ajejwe	Ninde yomubera inzitizi	Gute ?	Ibishobora kumubera intambanyi (ikibanza, igikorwa...)	Uburyo bwo gukingirwa	Uburyo bwo kwigwanira	Ubushobozi
Abareme-shakiyago							
Abafashwa							


3 : Kurondera uburyo bwo gukingira uwahohotewe canke uwuriko aramufasha

Mu kibano	Ku rwego rwa komine	Ku rwego rw'intara


IGICAPO C'INGENE HORWANYWA AMABI AFATIYE KU GITSINA



IGICAPO C'UBUFASHA



**IGICAPO C'UGUSHIRA AHABONA AMABI NO KURUNGIKA UWAYAKOREWE AHO
ASHOBORA KURONKA UBUFASHA BUSUMBIRIJE**



Gusuzuma ubumenyi n'ubushobozi bw'abari mu kiganiro

Izina n'iritazirano ry'uwuri mu kiganiro :

Igitsina :

- ☐ umugore
- ☐ umugabo
- ☐ nshimye kutabivuga

Shira umuzingi ku nyishu yo kugira werekane ko isuzuma ryakozwe imbere canke inyuma y'ikiganiro :

IMBERE

INYUMA

1. Imero ndemanwa n'akaranga nderano ni ibintu bibiri bitandukanye.
☐ EGO ☐ OYA
2. Ibijanye n'akaranga nderano ni ibikorwa bihabwa abagore n'abagabo mu kibano.
☐ EGO ☐ OYA
3. Amabi afatiye ku gitsina ni ibintu bishika gake cane
☐ EGO ☐ OYA
4. Amabi afatiye ku bitsina arashobora kugira ingaruka mbi ku mubiri, mu mutwe no kw'irondoka rijanye n'amagara meza ku wahohotewe
☐ EGO ☐ OYA
5. Guteza imbere inyigisho ku bakobwa n'abakenyezi ni ikintu ciza mu kibano
☐ EGO ☐ OYA
6. Abagore n'abagabo bafise ubushobozi bumwe bwo kuja mu bikorwa vy'iterambere
☐ EGO ☐ OYA
7. Ahari ukungana imbere y'amategeko hama hari ubutungane kuri bose
☐ EGO ☐ OYA
8. Ugutegekanya ibijanye n'umutekano w'uwahohotewe ni ubuhinga bukoreshwa kugira usubize ubushobozi uwahohotewe
☐ EGO ☐ OYA
9. Gukinga imbanyi n'umugera wa SIDA ku wahohotewe bigirwa imbere ya masaha 120.
☐ EGO ☐ OYA

II. NDAVYEMERA /SINDAVYEMERA.

Erekana ko wemera canke uhakana ibi bikurikira.

10. Abagore nibo bategerezwa gukora ibikorwa vyo muhira, abagabo bakaja kurondera ibibeshaho umuryango.
☐ Ndavyemera
☐ Sindavyemera
11. Abahungu nibo bonyene bakwiye gutorana itunga ry'abavyeyi.
☐ Ndavyemera
☐ Sindavyemera
12. Umugore arafise uburenganzira bwo kumenya no gukoresha amatungo y'umuryango ku rugero rumwe n'umugabo .
☐ Ndavyemera
☐ Sindavyemera
13. Umuntu agendana ubumuga ni umuntu w'amagara make ntaco abwirizwa gukora .
☐ Ndavyemera
☐ Sindavyemera
14. Abakenyezi bama bariko barahohoterwa mu miryango baba bafise intege nke
☐ Ndavyemera
☐ Sindavyemera
15. Amabi akorerwa mu rugo ni ibanga ritegerezwa kuvuganirwa no'guherezwa hagati y'umugore n'umugabo
☐ Ndavyemera
☐ Sindavyemera
16. Abagore bafise uruhara runini kugira abagabo babo bashavure nivyo bituma bagirirwa amabi afatiye ku gitsina.
☐ Ndavyemera
☐ Sindavyemera
17. Iyo hari uwahohotewe, ni ukubihereza hagati y'iyi miryango ibiri hanyuma mukamuja-na kwa muganga
☐ Ndavyemera
☐ Sindavyemera

III. Shira agasaraba imbere y'inyishu ibereye

Erekana inyishu zose zishoboka mu gushira agasaraba mu kumba k'inyishu utoye.

18. Ibituma nyamukuru haba ihohoterwa mu rugo :
- ☐ Gushavura no kudashira umutima munda
 - ☐ kunywa inzoga n'ibiyayuramutwe
 - ☐ Ububasha nokuganza
 - ☐ Ingorane z'ubugwayi bwo mu mutwe
19. Guhohoterwa bibera mu ngo biri mu buryo bwinshi :
- ☐ Gukubagurwa
 - ☐ Guturubikwa
 - ☐ Gusambanywa ku nguvu
 - ☐ ivyo vyose biri hejuru
20. Muri ibi bikurikira, ni ikihe atari ico gukora ku wahohotewe?
- ☐ Kumubuza kwitwara akagumiza ico kibazo mu muryango
 - ☐ Guhimiriza uwahohotewe kuja kwa muganga vyihuta
 - ☐ Kumwumvira impuhwe ukamufasha kuva muri uko kwihebura

IV. Tanga inyishu kuri ibi bibazo bikurikira

21. Ni ubuhe bwoko bw'ihohoterwa buhari?
22. Tanga uburorero 2 ku bwoko bumwe bumwe

